# МагIарулай

**2/2020**

ISSN 0132-9723

Аварский



## Бергьенлъиялъ – 75!


Помним! Гордимся!



# Гьаб нилъее хIажат буго!

КIудияб ВатIанияб рагъулъ бергьенлъи босун 75сон бараб 2020 сон Россиялда лъазабун буго РакIалдещвеязул ва Реццалъул сонлъун. Интерненталда хасаб сайтги буго рагьун, гьеб соналъул хIурматалда. Поисковикалда maj9.ru йилан хъвани, рагьун бачIуна гьеб сайт ва лъай-хъвай гьабизе бегьула лъагIалил программаялъулгун, кIудияб байрамалда хурхун тIоритIизе ругел тадбиразулгун. ТIолго началихъалдаго тIоритIизе ругел акциязул баянги батизе буго гьенибго. Гьеб гуребги, КIудияб ВатIанияб рагъул аслиял лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ гIемераб пайдаяб материал буго сайталда. Гьенирго ратизе бегьула рагъул заманаялъул къанагIатал суратал ва гьеб гуреб цогидабги.

РакIалдещвеязул ва реццалъул сон… Бадиб магIу ххулараб рохел… Гьеб чIагоязе хIажат буго…

Рейхстагалда тIад бергьенлъиялъул байрахъ чIваразул цояв дагъистанияв ГIабдулхIаким ИсмагIилов вукIин киназдаго лъаралдаса гIемераб заман инчIо. У, гьев вуго вахъун дол киналго тарихалъул цIалул тIахьазда бугеб сураталда. Фуражкаги тIад лъурав гIолохъанав солдат, сураталда бакьулъ – гьев вуго нилъер ракьцояв! Унгоги гьеб хIужа кьучIаб букIин чIезабуна 1995 соналъ цо телепередачаялда киналго гьеб сураталда ругезул цIар рехсараб мехалъ. Ва 1996 соналъ, кинабниги республикаялъго рахъги ккун, дагъистаналъул рагъухъанасе «Россиялъул БахIарчи» абураб цIарги кьуна…

Лъазе кколищха гьеб нилъер лъималазда? Лъазе кколищ ва киданиги кIоченаредухъ рекIелъ рукIине кколищ Освенцим, Собибор, Бухенвальд, Саласпильс? Таня Савичевалъул блокадаялъул дневник цIализе кколищ нилъер лъималаз? Лъазе кколищ гьезда рагъ щиб жо кколебали ва кинаб Бергьенлъиялъухъ кинаб багьа нилъеца кьурабали? БичIчIулебдай гьезда, рагъул заманаялъ киназулго цого къисмат, цого къварилъи, цого хьул букIин, гьединлъидал Бергьенлъиялъул къо – ВатIаналде рокьиялъул къо – кинабго советияб халкъалъул ракIалдещвеязул ва реццалъул къоги бищунго хIажатаб, бидуца хъвараб ва бищунго хирияб байрам букIин.

Гьел суалазе киназулго цокIалал жавабал гьечIо. Гьединлъидал гIолеб буго гIел, рекIеда хъал къараб, сундулго къимат гьечIеб, сундулъго гIахьаллъи гьечIеб. Гьедин гьечIеб батани, кинха бичIчIизе кIолеб, дагъистаналдаса КIудияб ВатIанияб рагъде арал, «Советияб Союзалъул БахIарчийилан» цIар щварал рагъухъабазул МахIачхъалаялъул къватIахъ ран ругел портретал къотIулев, гьел хвезарулев гIолохъанчиясул ветIералда жаниб щиб бугебали? Кинаб асаргундай гьес Дагъистанги Россияги чIухIарал бахIарзазул, жиндирго ракьцоязул гьурмаздасан нус бахъулеб букIараб?

Щиб абилебалицин лъаларо! БитIахъе бицани, рагIаби ратулел гьечIо, ракI бихъизабулеб ахIвал-хIал цебе чIараб мехалъ…

БукIаниги, божизе бокьун буго Бергьенлъи букIинилан! ЛъикIлъиялъул… квешлъиялда тIад!

**Наида КЕРИМОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:



### ГЬУЗБУЗДЕ РОКЬИГУН…

- Отрядалдеги ун, гьой нахъе бачеян лъазабуна дица. ОМОНалъул командирасул заместилель Андрей Еременица абуна: «Мунго щай нижехъе хIалтIизе ячIунарей», - илан. Дун, гьесда абизе жоги лъачIого, йиххун хутIана. .... 26

### СУАЛАЛ, СУАЛАЛ, НАХЪЕГИ СУАЛАЛ…



Инсуца бицунаан, багIаргьоло бельуneб бугилан, гIурул ханалги хьагире ран, ракъиялъ гIодун, свакан лъимал кьижун ккезегIан, цIеда лъун букIунаанила хьагилан. Цебе чIезабеха гьей эбелалъул ракI... Гьанже лъимал кваналел гьечIилан унти ккун рукIуна нилъ…. ................. 34



### ЗАРИФАЛ БАКЪНАЗУЛ РАСЕН

Цо нухалда росас дида абуна: «Пультални нахъе лъугьа, гьеб духъа бажаризе бегьула», -ян. Дун гьеб мехалда елъана – руччабазул иш гурин гьебилан кколаан дида ракIалде. Гьанжеги буго гьебго пикру. Амма гIумруялъ тIамуна ........................ 28



### ДАГIБА-РАГIИ РОКЪОБ ТЕ…

- АскIовеги вачIун вакьадас дир гьурмалъ хьат бана. Хадурго рачIун якьадги якьадясги лъугьана дида тенкезе... Дун подъездалде кIанцIана, хадуй, мадугьалзабазда гIодилей йихьичIого йикIине, къватIиеги ун гаражазда нахъа яхчун чIана.............................36



Гьаб буго Фазу ГІалиевалъ 2005 соналъ рагъул гІахьалчагІазда КІудияб ВатІанияб рагъулъ бергьенлъи босун 60 сон тІубай баркун гьарураб кІалъай. Нижеда ракІалде ккана жакъаги тІокІаб гъваридго баркизе рес букІинчІилан. Гьединлъидал, исанаги, КІудияб ВатІанияб рагъулъ бергьенлъи босун 75 сон тІубайги баркун, кьолел руго кІудияй шагІиралъул гъакъилал пикраби…

# ДУНГИХА НУЖГУН ЙИГЕЙ…

Рагъул хІакъалъулъ дица гІемер хъвана, амма жеги гІемераб хъвачІогоги хутІана. Нилъер рагъухъабазул бахІарчилъиялъул гІаламатлъун ккола 1945 соналъ Рейхстагалда борхараб БагІараб байрахъ. Дир рекІелъ гІумруялъго хутІана, кинаб захІмалъи-къварилъи бихьун нилъер халкъалъе гьеб бергьенлъи шварабали бичІчІи ва гьелдаса чІухІи.

Нилъер росабалъе рагъулаб гъугъай щвечІо, гьенире гІарадаби рачІо, бомбаби реххичІо, амма щибаб хъизаналда бихьана рагъул балагь, гьелъ лъилъуларел ругънал тана улбузул, лъудбузул, яцазул, ясазул, абуразул рекІелъ.

Заманалъул хурхенги цІунулаго, тІолабго гІумруялъ, чІухІигун рекІелъ цІунана дол соназда бихьарабги, хІехьарабги. «ВатІан» абураб рагІи рагъда цебесеб заманаялъги гьанжеги цого къагІидаялъ абула, амма батІа-батІаго бичІчІула …

Кидаго кІоченаро цо нухалда Россиялъул хъвадарухъабазул съездалъул трибуналдасан рагІараб калам. «КІиабилеб фронт рагьана нилъер руччабаз» - ян абуна Фёдор Абрамовас. Тарихияб хІужа. Гьеб кидаго хІужалъунги букІина: союзникал Европаялда фронт рагьиладай рагьилародайилан ургъулелгІан заманаялъ, нилъер руччабаз жидерго рокъоб рагьана кІиабилеб фронт. Гьез гьеб рагьана заводазда, фабриказда, хурзабахъгун фермабазда, рагьана тылалда жидерго бахІарчияб захІматалдалъун.

Рагъулал руччаби! Дун кидаго гьелгун йикІана. РакІалда буго, рогьалил какги бан, киналго руччаби ракІарулаан нижер росда цебе букІараб гьоцІире. Гьениб росдал Советалъул къеда бараб радиоялъ лъазабулаан фронталда бугеб ахІвал-хІал. АнцІ-анцІ пашманал берал рукІунаан сихІтун гьелъухъ ралагьун. ГІемерисел руччаби рукІана чІегІер барал. Гьениб лъугьараб сихІкьотІи хвезабулаан Левитанил кутакаб гьаракьалъ. Доб заманалда гІурусалъ щибниги бичІчІуларей дица хал кколаан руччабазул гьурмазда хадуб. Гьезул гьорорал беразухъ, гІодоре риччарал бутІрузухъ, гІунун радиоялъухъ гІенеккиялъухъ ва къваридго рикьун иналъухъ ялагьун бичІчІулаан дида нилъераз цоги кинаб букІаниги шагьар тезе ккараблъи. Доб заманалда диеги, гьитІинаб гьоцІире ракІарарал дир росуцоязеги радиоялъул чІегІераб тарелка букІана ВатІанлъун гІаламатлъун.

Цо къоялъ кІодоца цебе бахъана, нахъа рокъоб кварида бан букІараб, басрияб тІимугъ. Дида лъалеб заманаялъ гьелдаса пайдаго босулароан. МаркІачІул бер рукІкІиндал, дидаги йихьичІого, гьеб тІимугъги босун къватІие ине гІамал гьабуна гьелъ. Дида бихьулареб жо букІине рес букІинчІельул, гІемерай дун гьардарайго, гьелъ, хинаб къвалалгьечІида тІасан лъабго кІазги жемун, дунги ячана цадахъ. Киналго руччаби ругоан гьедин жема-къемун, квачаларедухъ къватІире рахьун. РагІи абичІого, росуги тун цо магІарде аскІоре щвана. Гьениб цо ялгъузаб миккил гьотІода аскІоб кІанцІараб иццухъ, рогьинегІан Аллагьасде гьарделел, какал ралел, дугІаби гьарулел рукІана руччаби. Гьез гьарулеб букІана бихьинал бергьенлъигун рокьоре руссагиян ва Гитлерил бетІералде балагьал рещтІагиян.

ВатІаналъе ва гьеб цІунулезе кочІохъего гьарулел дугІабазулги, тушманасде гьарулел хьамиязулги гьаркьихъе, дун, нижер мадугьал, цохІо вугев васги рагъде арай, Субайбатил тІингъил квенчІелалда кьижун ккун ятана. Рогьалилъ, цо хваш-хвашиги рагІун, дун макьидаса йорчІана. ХІинкъун сверухъ ялагьана, амма щивниги вагъарулев чи вихьичІо. Хадубги, берал данде рачингун, добго хваш-хваши рагІизе лъугьана. «Борохь!» - абун ракІалдеги ккун, дун кІанцІун тІаде яхъана.

- Щиб дуе ккараб? – абун йорхун ячIана Субайбат.

- РагIулеб бугищ?

- Буго. Щибдай гьеб? – абун гьей тIаде яхъана ва гIенеккана. Миккил гъотIол тIанхазул лъугьараб гохIда цее гIодой чIарай гьелъул гьумер гвангъун бачIана.

- Гьеб жо шур-шур гуребха, Фазу, бакъан буго. Басрияб тIамахги борхизабун, гьелда гъоркьан тIирщун баккана гIурчинаб чIил. Гьедин цогидалги чIилаз рагъаризарулел рукIана басриял тIанхал ва бакъул чIоралгун дандчIвазе жидеего нух бахъулеб букIана.

- Ваaa, зодилкьераб тIегь! – илан ахIана дица. Гьеб хIеренаб, загIипаб ва багIаркараб тамахабго гIоркьалда рагьараб тIегь, циндаго баккун бачIана. ТIегьалда тIад хIеренго кверги бахъун, Субайбатил бадиб магIу ххулана.

Киралиго рихъулел рукIана бомбаби, тIолеб букIана би… Гьеб тIегьалъин абуни ракIалде щвезабуна их бачIунеб ва гIумру цIилъулеб букIин.

- Воре, воре! Гьаб берцинлъи тушманасухъе щвезе тезе бегьуларо! Лъалищ, Фазу, гьал тIугьдулги, иццалги, кьурабиги, киналго цадахъ росун ккола ВатIан. ВатIаналъе гIоло цереги холел рукIана магIарулал, гьанжеги холел руго.

Руччаби тIаде рахъана. Меседил кьер чIвана бакъул чIорал речIчIарал мугIрул тIогьазда.

- Рагъ байбихьизегIан нилъее гьаб гьадигIан хириябго букIинчIо, - абун гIодана колхозалъул бригадир Сакинат. Гьелъулги росги вацги ун рукIана фронталде.

- Гьаб ккола нилъер ВатIан ва нилъее бищунго хирияб ракь…

ЦIидасан байбихьана гьариялги хьамиялги. Баккараб бакъуде данде кверaлги ккун гьардолел рукIана, рижараб ракьги, гIагараб улкаги бокьулел, тушманасде боркьараб цинги бахъунел, руччаби.

Тылалда ругел росабалъги гIумру унеб букIана рагъул цебесеб кьерда гIадин. ГIадамал хIалтIулаан къасиги къадги, «Кинабго – фронталъе, кинабго – Бергьенлъиялъелъе!» абураб ахIиги, какил дугIа гIадин, такрар гьабулаго. Щивасул мацIалда букIана «ВатIан» абураб хирияб рагIи. Кинабго рагъда цебесеб заманалда гIадатиябилан толеб букIараб щиналъул лъугьана тIубанго батIияб магIна. Щибаб рукъ, гъветI, гамачI, кьуру, лъар, иццал чIагояллъун кколел рукIана.

Унго-унгояб рагъул асар цIикIкIана Хунзахъ хъаладухъ рагъулаб полк рещтIиндал. Дида рагъул форма ретIарал ясал тIоцере гьенир рихьана.

Хунзахъ йикIана нижер гIагарай чIужу ПатIимат ХIамидова. Гьелъ дун жиндихъего гIемерай ячунаан ва анкьаца гьелъул ясалгун гьений йикIунаан. Цо нухалда гьелъул цIикIкIарай ясалъ рокъоре рачун рачIана щуго рагъухъаби – ясал. Дида гьел кутакалда берцин рихьана – гьайбатал, чIурканал, чергесал, амма цIакъ пашманал беразул ясал рукIана гьел. ПатIиматица гьезие гьаруна цIоросаролъул хинкIалги белъана бакъвараб гьанги. Гьел кванан рахъиналде хIамамги букIана хIадурун. Хадуб гьеб гIадатлъун лъугьана.

Щибаб рузман къоялъ рачIунаан Умагьаница гьел рокъоре рачун ва кIвараб хIаракат бахъулаан гIемераб заман гьезда аскIоб базе, гьелгун гIагарлъизе. ЦохIо дун гурейги, гьединал сардаз Испагьиевазухъе рачIунаан киналго тухумалъул руччаби, гIагарлъиялъул лъимал ва щивас щиб букIаниги босун бачIунаан гьел рагъухъаби-руччабазе. Умагьаница нижее руссинарулаан гIурус ясаз жидерго хIакъалъулъ хъварал харбал.

РакIалда буго гьезул цояй, Лариса абун цIарги, хъахIилал, хIорал гIадинал бералги ругей ясалъ бицараб хабар. «Бащдаб сагIаталда жаниб дир шагьар, рахъу-кIкIуялде сверун, гьаваялде ана. Лъаларо дун кин чIаго хутIараяли. Гьеб мехалъ хъвана дица гIарза, фронталде йитIеян» - абун бицана гьелъ.

Цо сордоялъ гьел ясазул хабаралдасан дида лъана, хадусеб къоялъ гьел больницаялде Зинахъе щвезе ине рукIин. Дун гьеб параялъ рокъое екерана. Дир эбел хIалтIулей йикIана больницаялда санитаркалъун.

- Баба, нужер больницаялда унтарай Зина йигищ? – абун гьикъана дица, больницаялъул бусен-къай чурулей йикIарай эбелалда.

- Йиго. Гьелъул берцинлъиги, амма захIматго унтун йиго. Гьелъиелъидалха дица щибаб къоялъ рахьдал банка добе босулеб! – илан абуна эбелалъ, угьун хIохьелги биччан.

- Баба, яче дунги метер дуда цадахъ гьелъухъе щвезе, рахьги дица баччила добе щвезегIан. Дица ханалги кIиго къоялъ квинаро, гьелги росила гьелъие кьезе…

- Дица диралги кьела, - ян абуна гьитIинай Шагьсанатица.

- Дицаги! – абун ахIдана Нуцалайги.



Рагъухъаби-ясалгун Умагьани больницаялде щведал, дун некIого Зинал хьолбохъ йикIана. Эбел палата бакIарулей йикIана.

Ясал рачIана Зинаде аскIоре. Гьелъул гьорорал кIутIби рукIана кьватI-кьватIун, бетIерги квералги рукIана катаналъ рухьун.. Ларисаца кьун, гьелъ дагьа-макъаб жо квана ва тIад рахьги гьекъана.

- Нижер доба Кубаналда рукъалда цебе анцIила цо гIечул гъветI буго. Гьанже гьел тIегьан рукIунаан. Унго рухIанадай гьел тушбабаз? – илан Зинал берал магIил цIуна.

- РухIун ратани цIидасан рижила. Рагъ лъугIидал нилъ тIатIала квералги лъун рукIунарелъул! – илан абуна Ларисаца.

- Рагъ лъугIидал…- илан абуна Зинаца пашманго ва гIанабазде гирун бачIана магIил горо.

Анкьидасан, магIил бералги цIун, цIакъго кватIун ячIана эбел рокъое. Гьелъ бицана Зина хванилан. Гьей рагъул ясги хутIана дир рекIелъ, нижер ГIакаро-мегIералъул гIазул цо тIогь гIадин.

***Доб заманалъулгун чIагояб хурхенги цIунулаго, хIурматиял ветеранал, дие бокьун буго нужеда киназдаго баркизе Бергьенлъиялъул Къо. Ниж нужеда цере налъулал руго. КигIан заман аниги гьеб налъи бецIунги бахъинаро. ТIаде жоялъе, жакъаги нуж хIалхьи гьечIого, гIумру низамалде ккечIого рихьизеги захIмат буго. Гьадинаб бичIчIулареб бачIана заман. Хисана гьанже ВатIаналъул гIорхъабиги, гьеб рагIул магIнаги. Нужее, цIадул короних ВатIан цIунаразе, щибго хисичIо.***

***РекIеда унтичIого хутIуларо, фашизмалда тIад бергьенлъи босарал нуж, жакъа, жидерго мурадазе гIоло улка бичараб гIелалда цере, загIипал ва пакъираллъун хутIи. Ургъел гьечIез биххизе биччана гIарагаб улка. Гьенирги, лъидасаго цере ва жигаралда, нуж руго, букIараб яхI-намусги ВатIаналъул къадруги цIунун, цере рахъунел. Кидаго гIадин, нужее сахлъиги, рохелги, халатаб гIумруги гьарулей, дунгиха нужгун йигей. Баркула Бергьенлъиялъул Къо!***

**Фазу ГIАЛИЕВА**



# Театразул тарихалъул музеялда щибдай букIунеб?

**Гьеб суалалъе жаваб кьуна, Дагъистаналъул халкъияб лъайкьеялъул отличник ва Дагъистаналъул мустахIикъай учитель, Москваялда рукIунел «Бахрушинил цIалиязул» кидагосей гIахьалчIужу, Дагъистаналъул театразул тарихалъул музеялъул директор Лилия ХIасановна Жамалудиновалъ. Гьеб музеялъ исана бала 30 сон.**

Дунялалъулго маданияталде гъорлъе, Москваялъул, Санкт-Петербургалъул ва цогидалги кIудиял театралиял музеялго гIадин, щулаго уна нижер музейги. Музеялде рачIаразда бихьизе рес буго батIи-батIияб заманалда жанир киналниги театралиял жанрал. 1984 соналъ, МахIачхъалаялда ГIурус драматикияб театралъул цIияб мина рагьулаго, жанахIалъуб тIибитIун букIана республикаялъул анкьго миллиял профессионалиял театразул выставкаби. Гьеб экспозиция кьучIлъунги ккана цIияб театралияб музей рагьиялъе.

Гьебго минаялда жаниб, анлъго соналдасан, 1990 соналъ рагьана театразул тарихалъул музей ва гьелъул экспонатазе бихьизабуна 300 кв.м. площадь. Жакъа театралде рачIаразул, спектакль байбихьилалде яги антракталъул заманаялъ, рес буго республикаялъул 12 началихъияб драматикияб театразул тарихалъулгун лъайхьвай гьабизе.

Гьеб музеялъул тIоцевесев директорлъун вукIана Шамсудин Манташев – РСФСРалъул халкъияв артист. Хадуб гьелъие нухмалъи гьабуна искусствовед, лъарагI музыкалияб культураялъул цIех-рех гьабулей гIалимчIужу Маймусат Къоркъмасовалъ. Дун йиго лъабабилей директор.

**- ГIемерисезда МахIачхъалаялда гьединаб музей букIинцин лъаларо. Щиб гьениб цIунун бугеб?**

- Музеялъул фондазда тарихиябгун маданияб багьа кIудияб, анцIазаргоялдасаги экспонат буго. Кин гьел театрал лъугьунел ва гIолел рукIаралали рихьизарулел

материалал руго гьениб гIемерал. Афишаби, программкаби, спектаклязул программаби, актеразул, режиссеразул, композиторазул ва художниказул реквизитал, жидерго тIагIалаби, театралъул гIумруялъул алатал, костюмазул ва декорациязул эскизал, сценаялда ретIунел костюмал, суратал, театралъул церехъабазул портретал, гIумруялдаги ролал хIалагоги, театралъул минаялъул къватIисанги жанисанги суратал – гьениб буго кибниги дунялалда гьечIеб Дагъистаналъул драматургиялъул архив, къучIдаса байбихьун жакъа къоялде щвезегIан.

**- Музеялде гьел экспонатал кин кколел?**

- «Россиялъул театразул тарих наслабазе цIунизин» абураб ТIолгороссиялъул акцияги хIалае кгун, нижеца «Сценаялде бер речIчIизабилин» абураб ахIи бана. Гьеб ахIу[]е дагъистаналъул театразул 12 художник вачIана нижехъе – корифеяздаса байбихьун гIолохъанал художниказде щвзегIан. Гьез кьуна музеялъе цIар рагIарал художниказул хIалтIабиги, лъилго гьечIел гIадал костюмазулги декорациязулги эскизалги, 82 сценаристазул хIалтIабиги, гьезда гьоркьоб, РСФСРалъул мустахIикъав артист, ГIурус театралъул цIаррагIарав артист Константин Якушевасул «Актерасул хъваq-хъвагIаял» абураб, кутакалда кIудияб тарихиябгун маданияб кIвар бугеб, тIубараб гьесул архив. Гьесул ракIалдещвеязулъ буго 50-80 соназ МахIачхъалаялъул ГIурус драмтеатралда лъолел рукIарал спектаклязул хIакъалъулъ пикраби, гьенир руго театралъул церехъаби Инокентий Смоктуновский, Игорь Карбовский, Софья Токарь, Раиса Кулик-Терновская, Гамид Рустамов, Айгум Айгумов, Ислам Казиев ва гь.ц..

**- Кинал выставкабиха рукIунел музеялда?**

- Театралъул церехъабазул юбилеязда хурхун рукIуна гIемерисел выставкаби. Цодагьал церегIан рукIана Нокалай Сыченковасул, Айгум Айгумовасул, Дурия РахIимовалъул зкспозициял. Цойги нижеца театралиял акциял тIоритIула «Дагъистаналъул лъималазе - маданият», «Бакъназулги театразулги лъималазул анкь», «Пушкинил цIалиял», «Якушевасул цIалиял», мастер-классал, Пушкинил, Толстоясул асаралги цIалун, флешмобал.

- Театразул жакъасеб ахIвал-хIал бихьизабун бугищ музеялда?

- Буго. Ниж цадахъ рекъон хIалтIула, театразул хIалтIи тарихалда хутIизе кIвараб хIалтIи нижецаги гьабула. Гьелъие кумекалъе нижеца ДГУялъул ва ДГПУялъул судентали гIахьал гьарула, волонтеразул кумекалдасаги инкар гьабуларо.

**- Россиялъул регионазул кинал музеязулгун нужеца хурхен кколеб?**

- Цебегоялдаса нижеца кIудияб гьудуллъи лъазабун буго Москваялда Бахрушинил цIаралда бугеб кIудияб театралияб музеялъулгун. Дун гьение гIемерай щола ва семинаразда гIахьаллъи гьабула. Гьез «Россиялъул театралиял музеял ва архивал» абураб кIудияб справочникги сайгъат гьабуна нижее. Сайгъатал гьечIого нижги рукIунаро. Цодагьаб цебе, «Дагъистаналъул театразул ва киноялъул художникал» абураб выставкаялде гьенире росун рукIарал 115 экспонат, Москваялъул кIудияб музеялъе сайгъат гьабуна нижеца. Гьаб





бакIалда чара гьечIого абизе ккола, Дагъистан Россиялдаго бищунго театралияб республика кколан – гьаниб гурони кибниги гьечIо 12 пачалихъияб театрги, 40 гIанасеб халкъиял театразул коллективалги.

- Дагъистаналда тIобитIараб «Жакъасеб маданияталда жаниб театралиял музеяз кколеб бакI» абураб семинар-конференциялда модераторлъул ва докладчиклъун йикIана мун. Абулеб букIана, Москваялда дур хIаракатчилъи бихьун кканила хIукму гьеб семинар МахIачхъалаялда тIобитIизейилан…

- Семинарни тIобитIулеб букIана «Россиялъул театразул тарих наслабазе цIунизин» абураб ТIолгороссиялъул акциялъул хIурматалда. ГIуцIиялъул комитеталда рукIана Бахрушинил цIаралда бугеб театралияб музеялъул директор Дмитрий Родионов, Дагъистаналъул культураялъул министр Зарема Бутаева, Театралиял церехъабазул Союзалъул председателасул заместитель Айгум Айгумов ва гь.ц.. ГIахьаллъи гьабулелги рукIана киналго Дагъистаналъул театрал, музеял, гIелмиял централ, библиотекаби…

**- Чан чи хIалтIулев нужер музеялда?**

- Нижер буго гьитIинабго руччабазул коллектив. Лъабго чи. Дир коллегаби руго унго-унгоял музеялъул хIалтIул церехъаби. «Лезгинка» ансамблялъул экс-солист Муслимат Алиева ва Алисат Шахбанова, кIиязго лъугIизабуна ДГУялъул культураялъул факультетги. Нижеца ралагьула цIиял материалал, цIалула, лъазарула, цIунула, цебе букIаралде тIаде жубала…

**- Мун гIурус мацIалъул учитель музеялде кин ккарай?**

- Выслугайилан абураб пенсия бахъарабго, цIаразухъги, регалиязухъги балагьичIого, дун школалдаса нахъе ана. Дун йиго Дагъистаналъул мустахIикъай учительги, халкъияб лъайкьеялъул отличникги… Дун ячахъулев чиги вукIинчIо, букIаниги гьаб лъайкьеялъул цIияб система дие цIакъ рекIее гIолеб букIинчIо. Дида жакъаги ккола ЕГЭ бугин гьадингояб, пайда гьечIеб жойилан. Гьенисаги ун, дун культураялъул министерствоялде, искусствоялъул отделалде, театразул суалазда тIад хIалтIизе лъугьана. Гьединлъидал, театразул тарихалъул музеялъеги дун чияр чIужу йикIинчIо.

Дие цIакъ бокьула дирго хIалтIи. Щибаб къоялъ цIияб жо лъала, цIиял гIадамал рихьула, ракIгъунгутIи щибжояли дида лъаларо. Мисалалъе: гьале росун рачIана церегосел афишаби, гьенибин абуни цIаррагIарал артистазул цIарал руго, нилъер республикаялде гастролязде рачIун рукIарал… Гьеб ракIалдаги лъидаха батилеб…

**- Лейла ХIасановна, дурго хIакъалъулъги бицеха цодагьаб.**

- Гьаюна дун Гъарабудахъкенталда, гьенибго школаги лъугIизабун, ДГУялъул филфакалде цIализе лъугьана. Дирго педагогалги ракIалда руго: Назаревич, Горбанев, Евсеева, Бройтман, Ханмурзаев ва цогидалги кутакалда лъикIал преподавателал.

ЦIалулеб заманаялъ, Назаревичасул нухмалъиялда гъоркь, эспедициял хIисабалда ниж унаан мугIрузул районазде кицаби, абиял, бицанкIаби, маргьаби ракIаризе. Сентябралда цадахъал диссертациял цIунизе кколаан. Казим Абасовичасул нухмалъиялда гъоркь студентазул хореографияб ансамблялъул солистлъун йикIаниланги чIухIизе бачIуна зама-заманалдасан. Университет лъугIигун дирго гIагараб Гъарабудахъкент районалъул Къаранай-аулалъул школалда дарсал кьолейги йикIана. Гьенисан ана учительзабазул лъай борхизабулеб институталде хIалтIизе, хадуб МахIачхъалаялъул 13 школалде ккана.

**- Эбел-эмен щал рукIарал дур?**

- Эмен, ХIасан Мухтарович ГIабдулаев, вукIана Гъарабудахъкенталъул гьоркьохъеб школалъул директор, гьенирго тарихалъул дарсалги кьолаан. Хадув гьев Гъарабудахъкенталъул райком КПССалъул I секретарлъунги хIалтIана. Эбел, Валентина Петровна, математикаялъул учитель. Гьей йикIана Подмосковьеялдаса, распределениялда рекъон Дагъистаналде ккарай. Гьаниб дандчIвана гьелда жиндирго къисматги.

Нижги щугоял рукIана эбелинсул. Бищун кIудияй яц Алпият – врач, дун кIиабилей, лъабабилей яц Ольга Россиялъул Гепрокуратураялда хIалтIилей йиго. Риидала кIудияб къварилъи бачIана нижер хъизаналде. Камуна вац Мухтар. Бищун гьитIинав Руслан газалъул системаялда хIалтIулев вуго.

**- Дурго къисмат кинха ккараб?**

- Дир рос Жалал Жамалудинович къадаралде щвана. Нижер кIиго яс йиго. КIудияй Наурат – юрист, гьитIинай Зарема – врач. Лъималазулги руго анлъгоял лъимал. Гьезул ракIазулъ культураялде ва искусствоялде рокьи куцазе кIвана дида. Гьезие цIакъ бокьула театралда ва искусствоялда хурхараб щинаб. Гьел руго волонтералги, щивас жиндиего нухги тIаса бищун буго: спорт, хореография, музыка, живопись, поэзия.

Дун талихIай йиго берцинаб хъизанги, бокьулеб хIалтIиги дир букIиналъ. Пенсиялде ун хадур цохIо лъималазул лъималазул тIалабги гьабун чIолелги рукIуна, амма цо-цо нухалъ гьеб ригьалда байбихьула гIумру. ГIагарлъиялъеги нилъ рокьула, араб гIумруялда хадуб ракIги хун, зигардилел цо бакIалда чIун рукIинчIого, цере унел ругони.

**- Планал анищал киналха ругел?**

- Дие бокьилаан дир наслабаз Дагъистаналъул тарихги маданиятги цIунизе хIаракат бахъани ва дир хIалтIи кодобе босани.

**Виолетта РАТЕНКОВА**



Гьалеха нахъойги щвана дун дирго гьудул ГьитIинова ПатIиматихъе гьоболлъухъ. Шамил районалъул «Цолъи» газеталъул бетIерай редактор гьаб нухалъ дида ятана рохьой. КIудияб шагьаралъул хъуялдаса ва хIурул нухаздаса хадуб, бакъукье кенчIолел гIазул мугIрулги, гъалгъаларал накIкIил гъутIбиги, гьезда гьоркьосан баккараб гьитIинабго цIулал рукъги, рукъалъул тIалинисан баккараб кIкIуйги, болъодаги чIун дие дандчIвай гьабулей ПатIиматги – дида дун маргьудалъе кканилан ккана.

# «КЬАВУЯЛЪ МАХХ ГIАДИН КУНЕБ ЖАМГIИЯТ»

ПатIиматилбаракаталдалъун дида Шамил районалъул гIемерал берцинал бакIал рихьана, гIемерал берцинал гIадамал лъана. Гьениб щибго гIажаиблъи гьабизе ккараб бакIги гьечIо, жийго ПатIимат йигелъул кинабго рахъалъан берцинай гIадан.

ТIабигIаталъул берцинлъиялъ мехтарал ниж, ракъвазарурал ххурдузул ва тIугьдузул махIазул цIураб цIулал рокъоре лъугьана. Дир кIодоэбелалъулго букIараб гIадаб печалда тIад нижехъ балагьун свакан тIугьудузул чайги бугоан, режун цIоросаролъул хинкIалги ругоан, гьимулеб бахъухъги бугоан, кванай дунилан хъабахъги бугоан…

- Дица 16 сон баралдаса нахъе байбихьана хIалтIун гъурущ балагьизе, - ян бокьуларого гIадин дир суалазе жавабал кьезе лъугьана ПатIимат. – Нечолаан лъабго лъимал жинцаго гIезарулей эбелалда гIарац гьаризе. Гьединлъидал, риидалил заманалъ колхозалъул хер бецулаан. Гьениб гьудуллъи цIикIкIунаан дидасаго соназ чIахIиял ясазулгун. Гьезул малъа-хъваязухъ гIенеккулаан. Дирго гIелбащадал расандулеб мехалъ тIехьалде юсун йикIунаан гIемерисейго, мун цодагьай батIияй, жидеда релъльинчIей йигилан дида релъанхъулел гъолги рукIунаан. Школалъул дарсаздасаги адабияталъул тIахьал гIемер цIалулин эбелалъулги семи камулароан. Дун цIалараб ГIурада гьоркьохъеб школаги доб мехалда районалда бищун лъикIаблъун рикIкIунаан. Школа лъугIигун бокьун букIана медицинаялъул лъай щвезе, амма рекIее гьеб махщел гIуниги химия лъазабизе гъираги балароан. ДГПУялъул филологияб факультеталда цIалулагоги, анищалъ букIана ДГУялъул журналистикияб факультет. Гьеб заманалде эбел-эмен камуна, захIматал сонал рукIана, кIиабилеб тIадегIанаб лъай босизе гIарац кьезе ккολаан...

КочIохъе кIалъалеб пасихIлъи букIана эбел-инсулго. Дицаги гьитIинго балъго хъван-рихъун рукIунаан куч1дул. Амма гьел лъиданиги рихьизе нечолаан.

Шагьаралда ясли-ахалда тарбиячIужулъун хIалтIулагоги журналистлъун яхъине бугеб дир анищ гьудул-гьалмагъзабазда лъалаан. Гьезул цояй, Гъуниб районалдаса Гулизар абулей гьалмагъ ккана сабабалъе дун «ХIакъикъат» газеталде хIалтIизе лъугьиналъеги.

ХIалтIуде йосун гIемер заман иналде, маданияталъул отдел кьуна нухмалъи гьабизе. ГIемераб лъикIаб малъа-хъвай щвана мунагьал чураяв МухIамад МахIатIовасдаса, ДибиргIали Хазамовасдаса, МухIамад ПатахIовасдаса. Творчествоялъе эркенлъи кьун, редакторасул цензура гьечIого рахъулаан макъалабиги. Гьелъухъ хасаб баркала кьезе бокьун буго доб заманаялъ вукIарав редактор ГIали Камаловасе. Коллективги букIана нижер кутакалда пагьму-гьунар бугеб. Гьалбалги рачIунаан цIар ргIарал. Гьединал, гьираялда хIалтIуде екерулел сонал рукIана.

**- Яхъун ана мун магIарухъе…**

- ВатIаналъул ахIи тIоцебесеб бакIалда лъезе ккеларищха. Дунги эхеде ахIун, районалъул газета ва телевидениеги данде къан цо идара гIуцIана, дол соназ Шамил районалъул бетIерлъуда вукIарав МухIамад МухIамадзагьидовас. Гьираялда жуяна ишалде, нухмалъулей йигин абун кинабгIаги хIалтIудаса нахъе къанги чIечIо. ГIуцIана, бацIцIана, цIигьабуна, куцана. Гьелъ жакъа рекIее хIалхьиги кьола. Редакторлъи гьабулеб анцIила кIиго соналда жаниб чанги лъикIабги квешабги бихьиларищха. Бицана, бихьизабуна тIолабго районалъул гIумру, рорхана гIемерал ракI унтарал суалал, хъвана бегIерал макъалаби. Бищунго гIемер нижеца хъвана бегавулзабазул хIалтIул хIакъалъулъ. Сундул хIакъалъулъ хъвалеб бугониги, кинаб пикру цIалдолесул гьалъ бижизабилеб, щиб пикру гьабизе гьев тIамилевилан абураб суал кьечIого макъала нижеца къватIибе биччачIо.

ГIемераб батIи-батIияб ахIвалхIалалде ккана, амма чIамучIлъи гьеб хIалтIулъ дида дандчIвачIо, чIалгIеналъе заманги букIинчIо.

**- ПатIимат, бицунеб бугебгIан квеш бугебдайха рахьдал мацIазул суал? Прессаялъул къисматги мацIалда бараб бугелъул…**

- Гьеб суал цIакъго гIемерлъун буго ахираб заманаялъ. Заманги гьечIищха гьадинаб, глобализациялъин абураб жоялъ толареб. Гьал тIадегIанал технологияз толарого, интерненталъул кIичIикь, жамгIиял гьиназ ккун вугелъул кинавниги чи гьанже. Гьеб буго гьанже заманаялъул унти. Гьелдаса тIурун рорчIизе ресги гьечIо. Амма, щивас жинда бараб щинаб жо гьабизе ккола наслабазда нилъер мацI лъазе. МацI гьечIони – миллат гьечIо, гьеб лъиего балъголъиги гуро. ГIемерал гьаркьазулаб, гIемерал кьеразулаб гьаб Дагъистан нилъеца наслабахъе, нилъехъе умумуца кьураб хIалалъниги кьезе ккеларищ?

Нижер гьидерил руччабазе умумулъанго бачIараб чаба-гIоркь (гьидерие хасиятаб кIазгун чохтIо) къазе биччалареб заман букIун буго араб гIасруялъул 30-абилел соназ. Пачалихъалъул сиясат кинан хисаниги щибго бортизе течIого цIунун буго нижер руччабаз умумузул ратIлил хаслъи жакъаги. Гьединго, хьул буго, рахьдал мацI лъай ва болмацIалда цIализе, хъвазе лъай чиясул тIадегIанаб даражалъун рикIкIунебги заман бачIинилан.

ЖамгIиял гьинал гьечIеб мехалда данде ккун рахьдал мацIазе туркIи кьолеб заман буго гьанжеян ккола дида. Щай, щайгурелъул, магIарул мацIалда кIалъазе, магIарул мацIалда хъвадаризе, ахIулеб кечI букIа, рикIкIунеб букIа, кинабго гьеб тIибитIизабиялъе, квербакъиги буго интерненталъул. Дагьабниги рахьдал мацI лъалев чиясул ракI цIалеб буго нилъер миллияб мацIалда бицунелъухъ, ахIулелъухъ гIенеккизе.

МагIарул мацIалъул дарсал школазда дагьлъулел рукIин, гьебги нилъеца гIемер бицунеб жо буго. Жалго школазул нухмалъулезул лъавукълъиги, гIолохъанал эбелинсуе щвечIеб бичIчIиги буго гьеб.

Гьале, ричалел руго «Гьудуллъи», «Лачен», «МагIарулай» журналал, рахъулел руго «ХIакъикъат», «Ас-салам», районазул газетал. Лъица квал-квал гьабулеб гьел цIализе? Нилъер миллатцояз къимат гьабулеб бугищ гьезул?

Миллияб мацIалъул къисмат буго жибго халкъалъ тIубазабун бажарулеб масъала. Нилъер щибаб хъизаналда бихьулаго хвезе толеб буго миллияб щинаб. КIудиялги гIун, гIакълу щвейгун лъималаз эбел-инсуда чара гьечIого цIехезе буго, дун магIарулав ватани, щай дида магIарул мацI лъалареб, щай гьеб цIализеги хъвазеги нужеца дида малъичIебилан. Гьеле гьеб суалалъе щиб жаваб кьелебали жакъаго пикру гьабизе ккела, жидер лъималазе рахьдал мацI къваригIун гьечIилан, жагьилаб хабар бицунел улбуца!

Дица кидаго ахIула республикаялъул басмабазул редакторзабиги цIалдолезулгун дандчIваял гьаризе.

РакӀалда гьечӀо кидал гьел магӀарухъе щваралали. ЦохӀо подписка къваригӀараб мехалъ кагътаздалъун гуроха жалго ракӀалде щвезаризе кколел, чӀагоял дандчӀваял рукӀине ккола гӀадамазулгун.

**- Гьанже заманалъул жамгӀияталда чӀужугӀаданалъ кколеб бакӀ?**

- Кутакалда кӀудияб бакӀ ккола чӀужугӀаданалъ жакъасеб жамгӀияталда. Мисалалъе яче хӀукуматалъул хӀалтӀуда йигей чӀужугӀадан, врач, учитель, юрист, бухгалтер, бизнесмен… Гьелъул хӀалтӀуда тӀадеги рокъоб буго хъизан, рос, лъимал, тӀалаб гьабизе кколел эбелэмен, вакьад-якьад, рукъ... Дица цо-цо мехалъ гӀажаиблъи гьабула, кинигӀаги чӀужугӀаданалъ гьеб кинабго нухда бачунебилан.

Дида кутакалда берцин йихьула, жиндир цӀалиги, хӀалтӀиги, хъизанги, лъималги нухда рачине заман батулей чӀужугӀадан. Гьей йичӀчӀулев бихьинчиги вугони рокъов, чӀужугӀаданалъ гьединав росасул киданиги адабги рехуларо. Росу берцин гьабулеб букӀуна цо-цо хъизан, гьединал хъизанал гӀемерал рукӀунаро, амма гьел руго, гьез ккунги буго гьаб жамгӀият.

Амма гьанжезаманалъул гӀемерисел бихьиназулъ чаран буго чучлъун. Гьединлъидал руччаби къвакӀизе кколел руго. Щай доб бихьиназулъ чаран чучлъараб? Дица гӀемераб кьола гьеб суал диего. Руччабазе щварал ихтияразцин гуродай бихьинчи чучлъарав? Руччабазул эркенго рокъоса къватӀире рахъине рес букӀинчӀебани, бихьинчияс гьабизе букӀана жинда тӀадаб иш. Гьесул гьабичӀого рес букӀинчӀо. Жакъа чӀужугӀадан йиго бихьинчияс борхизе кколеб бакӀлъиги жинцаго борхун...

**- Гьел нилъее щварал ихтияраз нилъго гъоркье рехун руго гурищха?**

ЧӀужугӀаданалъе ихтиярал щвеялъ нилъеда бихьана, гьей загӀипай гурей, бихьиназдасаги къуватай йикӀин. Каранда зарги кьабун ахӀделел руго нилъер бихьинал, жив магӀарулав вугила, бусурманчи вугилан… Мун бихьинчи ватани, бусурманчиги ватани, гьабеха, ле, дурго васасул тӀалаб, мисал бихьизабе гьесда, бихьинчи кинав вукӀине кколевали. Руччабаз васазе кьолеб тарбия букӀуна руччабазда рельълъараб недегьаб, инсул кьвари ва кьучӀаб рагӀи сунцаго хисуларо.

Жакъа чӀужугӀадан, гӀодоеги йиччан, печги бакун, квенги гьабун, рукъги роцӀцӀинабун, росасе хъулухъги гьабун, лъималазе тарбияги кьун парахат йикӀине рес букӀарабани, гьал киналго ихтиярал-ресалги рукӀинчӀелани, жамгӀиятги батӀияб букӀунаан.

**- Росдал жамагӀаталъул бугищ лъималазе тарбия кьеялъулъ кӀвар?**

- Росдал бегавул, имам, школалъул директор – гьел лъабалго цадахъ рекъон хӀалтӀулел бакӀазда жамагӀатги букӀуна кьуругӀан кьучӀаб, гъункараб. Шамил районалда ясли-ахалда авар мацӀалъул, исламалъул аслуялъул лъикӀаб кьучӀ лъола гьитӀичазе. Руго мадрасаби, спортазалал, церетӀурал искусствоялъул ва лъайкьеялъул школал. Лъималазул заман хутӀуларо къваригӀел гьечӀел жалазде руссине.

**- Бищунго дуе рахӀат толареб, бокьулареб жо щиб?**

- ЗахӀмат букӀуна рекӀей жинцаго бицунелда рельълъараб гӀамал гьабуларев чи гӀемерлъиялъ. Рихьдае бицунеб цӀодораб хабар, рихьдае гьабулеб берцинаб гӀамал – гьеле гьеб кӀигьумерчилъи буго дие бищунго бихьизе, рагӀизе бокьулареб жо. Гьеб гьезул лъималаздаги бихьулелъул. Гьединин букӀине кколебилан ккезеги бегьулалъелъул гьезда. Щалха чагӀиха рахъинел кӀудиял гӀейгун гьезул? Гьединаб щиналъул чӀахӀияз пикру гьабулареб мехалъ чара хола. КӀигьумерчилъиялъ куneб буго жамгӀият, кьавуялъ махх гӀадин.

**- Дагъистаналъул руччабазе щиб гьаризе бокьилеб букӀараб дуе? – йилан гьикъана дица, рохьоб маргьудал рукъалъул хозяйка, магӀарул мацӀги, халкъги, ракьги, гьаб ракьалда гӀумру гьабун ругел гӀадамалги рокьулей, дирго гьудул ПатӀиматида.**

- Сахлъиги, сабруги, иманги кьегийилан гьарила дица руччабазе. Гьаб буго нилъер гӀакълуялъулги, гӀадлуялъулги, яхӀалъулги, намусалъулги къвакӀиялъул хӀалбихьулеб замана. Лъимал гӀезаризе, гьезие тарбия ва лъай кьезе хвезабураб заман гӀадада ккогеги щибай эбелалъул. Биччан те жакъасел улбузул лъималаз талихӀаблъун гьабизе дунял. Аллагьас квербакъаги лъикӀаб щиналъе.

*ХадурагӀи*

***НакӀкӀирохьоб нижер букӀараб дандчӀваялдаса хадуб гӀемер мех иналде «МагӀарулай» журналалъул редакциялда мадугьалихъе ккана дир гьудул. ДРялъул культураялъул мустахӀикъай хӀалтӀухъан ПатӀимат ГьитӀиновалъ жакъа нухмалъи гьабулеб буго «ХӀакъикъат» газеталъул рухӀияб хазинаялъул отделалъе...***

**БАХУ МУХӀИДИНОВА**





**МугIалимзабазулги мугIалим, шагIир, хъвадарухъан, таржамачи, гIараб мацIалъул цIалул тIахьазул автор Шамил МухIидиновас исана балеб буго 80 сон. «МагIарулай» журналалъ, сахлъиги, рохелги, халатаб гIумруги, гIолохъанго цойги 50 сонги гьарулаго, бахъулеб буго Шамилил цо чанго кечI.**

*Шамил МУХIИДИНОВ*

## ТалихI

Хирияй гьудулилан,
Дир милъиршо – хIинчIилан,
ХIасратаб гIумруйилан,
ГIумрудул магIнайилан,
Мун - дир цIалеб хIохьелин,
ХIалхьи – парахалъийин,
Хиялал анищалин,
Абунщинаб дир ракIалъ.
Дунялалда бижичIин
Мун гIадинай тIегьилан,
ТIугьдулъ няз бищичIин
Дур гIадинаб махIилан,
Дур гьайбаталъ мехтарав
Вигьунев гьечIин дунан,
Дуде щварай ятичIин
Шуранщинаб дир кIутIбуз.
ТIолабго дунялалъе
Нур кьурайги мунилан,
Гьаб ракьалъе берцинлъи
Бикьарайги мунилан,
Мун гьечIони дун гьечIин,
Дунялги дунял гурин,
Дир берзул балагьиялъ
Гьабурабщинаб ишан.
Мун океан киниги
Дир кьурабалъречIчIулин,
Карачелгин рагIаллъун
ГIумруялъ цадахъ ругин,
Мун аскIой йигеб мехалъ
Дий дунял гIатIилъулин,
ГIасияб къварилъицин
ГьитIинлъун тIагIун унин.
Мун аскIоса араб къо
ГIумруялъулъ рикIкIинчIин,
РакI жубачIеб цо лахIзат
Даимаб жужахIлъанин.
Мун, дир хазина йигин,
Дир рохел хIасрат йигин,
Мун дие йокьулилан
Дица угьараб щинаб.
Дица гьедин шурана
Гьайбатаб гьаб ракьалда,
Ракьалда бижанщинаб
ГъветI-хералда, хIинчIалда,
Дун гьединан ахIдана
ТIолго гьаб гIаламалде,
Гьаниб гIатIилъи гIечIо,
Космосалде, цIвабзазде.
Дие гьел кинацаго
Данде жаваб гьабуна,
Мун талихIав вугилан,
Нуж талихIал ругилан.
Дунги гьезда божана:
Нилъ талихIаллъун руго.
ТалихI буго, хирияй,
Дица дуда баркулеб.

## Накъит

ХIелкица мугь батидал
ГIанкIу ахIулеб буго:
- БачIа, бачIа балагье,
ПурчIинадул мугь буго.
- Дие дур пурчIина щай
БочIораб дир бетIергьан,
Мадугьалихъ хIелкаца
ПиринчI кьола лъудбузе,
Дол цо мугь батунилан
АхIтIелел рукIунаро,
БокьанагIан кванaзе
Каву цIун чIезабула.
ПиринчI-ролъалда хадур
Кирего гьел раккула,
Ккaнани гъоркьан тIасан
Сайгъаталги ритIула.
Доз лъудбузе росарал
Меседил кIилкIал анищ
МокъитIе йоржунелъул
Звангъиялда рукIине.
КIвар кьун сверухъ балагье,
Капроналъул хIулаби,
ХIуларазе щваниги
Щванищ мода хвезегIан…?
РекIун машина гуро,
Гьекъезе ситро гуро,
Гьадалцоязул гIадаб
Эластичный мокъ гуро.
Дур мукъсанал мугьазухъ
Щиб жо дица босилеб?
Ригь ккун гIегIеди гуреб
Гьунар гьечIеб мун кинаб?
Дур гьечIеб бажариялъ
ГIайиб чIвалеб хIал буго,
ХIалалго хьвадулелан
Хьалбал рагьулел руго.
- ГIела, гьанже биданин
Бодуе гIураб хабар,
Рази гьечIей йатани
Хазе гьабе гьале нух.
Мун хиралъун мун бокьун
РекIей, хIалхьиги бокьун,
Дица бачунеб гIумру
Дуй гIолеб бихьуларин.
Хирияб эластик-мокъ
Дуе босзе ккани,
Дун тIубараб лъагIелалъ
ГIегIедизе ккеларищ?
Капрон, махер, меседан
Гьезда хадув лъугьани,
Нилъго чиякьа къураб
Къисмат букIинародай?
ТIокIаб гьеб хабаралъул
Хайир дуе ккеларин,
Дица кьурабги кванан
Эркенаб гIумру гьабе.
ГIанкIу-хIелказда лъани
Росу цIун гIегIедулин,
ГIорхьи-рахъ гьечIеб хабар
ТIокIаб дие бицунге.



Лъимадул гІадинаб гІанчІаб ракІалъул, магІарулазе бищун йокьулей шагІир ТубхІат Зургъаловалъулги буго исана юбилей. Кидаго гІолохъанай, ракІ гъурай, аваданай, «рохалил министертво», - йилан Расулица цІар кьурай ТубхІатие «МагІарулай» журналалъги гьарулеб буго кинабго лъикІаб щинаб.

*ТубхІат ЗУРГЬАЛОВА*

## Рилълъа, ясал, росулъе

Рилълъинарищ, кьерилал,
Кьурабазул тІогьазде,
ТІаса гъоркье ралагьун,
РакІазда куркьбал гъезе.
Рилълъа, дир гьудулзаби,
Нилъерго магІарухъе,
МагІу чваххулагоцин
Гьимулеб мацІ рагІизе.

ГІатІиракьалъ кьер тІурал
ГІанаби багІарлъила,
БагІлидул кІилкІалги ран,
КІариялда релъила.
Лъарал чили рагІидал
Ургъелал кІочон тела,
КІарчамаб лъимерлъуда,
ХІанчІи гІадин, рещтІина.

Рилълъа, ясал, росулъе,
Гьеб чІаголъизабизе,
Лълъар меседил буртІие
ГІертІинисан лъим кьезе.
Рилълъаха дунгун цадахъ
ХъахІилбилил магІарде,
Рас меседил хохое
Хханил магь щвезабизе.

Нилъ гьечІого къечараб,
Нилъ гьечІого бакъараб,
Баркатаб магІаруллъи
Рилълъа борхизабизе.
Рехун тун, чиякълъарал,
КинидахъкечІ къотІарал
Росдал тІолго минабахъ
РачІа чирахъ бакизе.

Какги кечІги ахІулеб
Араб заман борчІизе,
ЧІунтарал гъанситабахъ
ГъастІабакІал гІуцІизе,
ГІунарал росдал къватІал
ТІанчІаз цІезе гьаризе,-
Рилълъа, руччаби-ясал,
Росулъе тІадруссине…

## КвергІанаб кагъат щай дихъе хъвалареб

Цо кагъатгІаги щай
Дихъе хъвалареб,
Арабги батизе,
Тарабги щвезе;
Интернет букІинчІеб
ЧІагояб заман
Звархиялда бачІун,
Нилъго рорчІизе…

РорчІизе чІамучІаб
ГІумруялдаса,
РакІал гъорлъ камураб
Каламалдаса,
Каранде къалареб
Рокьиялдаса,
Сетаз саяхълъараб
Гьаб мехалдаса.

Хъвай, дир рекІел гьудул,
Дихъе цо кагъат,
Квешлъиялъ кІкІун унел
Нилъ хвасарлъизе,
АскІор ругониги,
РикІкІад гьарулеб
Тилипуналдаса
Сахлъизаризе.

ВачІа дир рекІелъе,
Цевего гІадин,
Салам-каламалъул
Кавуги рагьун,
Конверталда жаниб
Урхъиги бахчун,
Бахилаб мехалде
Гордуги къирун.

Хъвай дихъе цо кагъат,
Дида гурони,
БичІчІизе захІматаб
Дурабго хатІалъ,
Тамахаб ишара
Кибго лъолареб
МугІрул кьурабазда
Бижараб мацІалъ.

МоцІрохъе хъвай дихъе
ХъахІаб кагътида,
Киназдаго дур цІар
КІочараб мехалъ,
КІиязго гІуцІараб
Дуниялалда,
КІиялго гурони,
ХутІичІеб гІужалъ.

ГІодовеги вичч ан,
ХІисаб гьабидал,
Боржелги рокьиги
Ратила хутІун…
Нухал ритІагийин
МагІилъ гьардолей
Дир дугІа рагІила
Дандерижилъун…

Ургъелал гьарзаяб
Ахирзаманалъ
НухІил гама гурищ
Нилъер гьоркьоблъи!
Реццалъги щиналъги
ГІалам мехтидал
Хъошниб алжан гурищ
Гьелъул камиллъи!

…КвергІанаб кагъат щай
Дихъе хъвалареб,
Араб заманалъухъ
Урхъи буссине,
Умумузул гІадин,
РикІкІаде ккедал,
Рокьи тІадбуссине,
Къал кІочон тезе.

# Дагъистан чIухIарал



ПатIимат Къебедовна
АХЪАЕВА

Доб заманаялъ цIализе ритIарал ясазул тIоцебесеб кьерда йикIанин абизе бегьула Хунзахъ районалъул БакьайчIи росулъа ПатIимат Къебедовна. I953 соналъ Буйнахъскаялъул педучилищеги лъугIизабун, ПатIимат хIалтIана Болъихъ районалъул РахатIа росулъ лъималазул рокъой воспитательлъун. ЛъагIалидасан гьей лъугьана руччабазул педагогикияб институталде, филологияб факультеталде цIализе. Институт лъугIигун Хунзахъ районалъул ГIоротIа школалдаги хIалтIун, гьей тIадюссана гIагараб росулъе.

I966 соналъ ПатIимат Къебедовна тIамуна БакьайчIи гьоркьохъеб школалъул тIоцеесей директорлъун. Цебе БакьайчIи букIана микьго сонил школа. I980 соналдаса I99I соналде швезегIан ПатIимат хIалтIана Хунзахъ райком КПССалъул секретарьлъун. Гьелдаса хадубги I0 соналъ бекьечIдерил школалъе нухмалъиги гьабун, жакъа йиго мустахIикъаб хIухьбахъиялда.

ПатIимат Къебедовна мустахIикълъана «Халкъияб лъайкьеялъул отличник» цIаралъе. СССРалъул Верховный советалъги, лъайкьеялъул министерствоялъги, цогидал тIадегIанал идарабазги ПатIиматил хIалтIи кIодо гьабуна хIурматалъул ва баркалаялъул кагътаздалъун, грамотабаздалъун ва шапакъатаздалъун.



ПатIимат Халиловна
ГIАЛИСКАНДИЕВА

Кудали кьалбал ругей Гъуний гьаюрай ва гIурай ПатIимат Халиловна гьанже Дагъистан тун къватIийги машгьурай йиго. МашгьурлъичIого кинха йикIиней, Дагъистаналде вачIанщинав турист жиндихъ рещтIуней, Гъуниб тарихалъул музеялъул нухмалъулей.

Гьелъул музеялда, лъикIай чIужугIаданалъул рокъоб гIадин, кинабго гIадлуялда букIуна. Щибаб тIагIелалъул букIуна жидерго бакI. Гьез рагьула жидер заманаялъул гIадамазул ва гIадатазул хIакъалъулъ гIемераб бальголъи.

Гъуниб лъайкьеялъул централъул нухмалъулейлъун хIалтIилей йикIарай ПатIиматида, районалъул бетIерас музеялъе нухмалъи гьабизе тIадкъана. Бигьаяб иш гьеб батичIониги, дагьабги тIаделъун, гурун гъуждулгун хIалтIана гьей.

МугIалим ва тарихчIужу ГIалискандиева ПатIиматица махщалида, жиндихъ гIенеккиледухъ бицуна гьалбадерие Гъунир ккарал тарихиял лъугьа-бахъиназул, рихьизарула киналниги музеялъул экспозициял, баян кьола щибаб сураталъе, хъвай-хъвагIаялъе, тIагIелалъе.

ПатIимат мустахIикълъана «Дагъистаналъул мустахIикъай культураялъул хIалтIухъан», «Дагъистаналъул лъайкьеялъул отличник» ва гьел гурел цогидал тIадегIанал цIаразе ва шапакъатазе.



ПатIимат МухIамадовна
ИРАЗИХАНОВА

50 сон школалде хIалтIизе лъугьаралдаса бангиги, 30 сон цIалулгун тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместительлъун хIалтIаниги, ПатIимат МухIамадовнаялъ киданиги гьеб хIалтIи захIмалъун бугин абулеб рагIичIо. Гьелъие хасиятаблъун ккола жиндирго иш лъай, гьелъул дурусльи, жиндехунго ва цогидаздехун цIикIкIараб тIалабчилъи, щибаб суал мухIканго тIубазаби.

Гумбет районалъул ЛъаратIа росулъа Иразиханова ПатIимат хIалтIана МельелтIа гьоркьохъеб школалда, Гъадариб росдал школалда, Гъизилюрталъул ункъабилеб, анкьабилеб школазда. I987 соналдаса нахъе хIалтIилей йиго Гъизилюрталъул микьабилеб школалда байбихьул классазул нухмалъулейлъун. РакIбацIцадаб, жигараб хIалтIухъ гьей мустахIикълъана «Дагъистаналъул лъайкьеялъул отличник», «Дагъистаналъул мустахIикъай учитель», «Россиялъул лъайкьеялъул хIурматияй хIалтIухъан» абурал цIаразе. Гьединго гьей мустахIикълъана Россиялъул ва Дагъистаналъул къиматал грамотабазе ва дипломазе. ПатIимат йиго кIвахI гьечIей, жавабчилъи цIикIкIарай хIалтIухъан, хIеренай эбел, ВатIаналъулги рахьдал мацIалъулги патриот.

# магIарул ясал



ГIатигат Камиловна
ДЖАВАТХАНОВА

ГIатигат Камиловна гьаюна Болъихъ районалъул РахатIа росулъ. Росулъ микьго классги лъугIизабун, 9-I0 классазде гьей хьвадана АнсалтIа росдал школалде. ЦIализе лъугьана пединституталъул физикиябгун математикияб факультеталде. ХIалтIизе тIадюссана Болъихъ районалъул Гъодобери росдал школалде. Цо лъагIелалъ гьенийги хIалтIун, I982 соналъ ГIатигат ячIана РахатIа росдал школалде ва лъуна унго-унгояб мисалияб къучI. Байбихьуда хIалтIана математикаялъул учительлъун, I982- 2002 соназ бачана завучасул хIалтIи. 20I9-абилеб соналъул январалде щвезегIан РахатIа гьоркьохъеб школалъе нухмалъиги гьабуна.

20I7-абилеб соналъул июналъ гьоркьохъеб школа бухIараб заманалдаги бихьизабуна ГIатигатица жигар ва жавабчилъи. ТIоцебесеб сентябралде гьелъ, школалъул учительзабазул ва росдал гIадамазул кумекги тIалаб гьабун, администрациялъул ва буртаби гьарулеб фабрикаялъул минабахъ школа гIуцIана.

ГIатигат Камиловна мустахIикълъана «Россиялъул лъайкьеялъул хIурматияй хIалтIухъан» цIаралъе ва гIемерал шапакъатазе. Гьединал бажари бугел ясал гIемерлъани. нилъер пачалихъ кутакалда цебетIелаан.



Зубаржат МухIамадовна
МУХIАМАДОВА

Унсоколо районалъул ГъаракIуни росулъ гьаюрай, бокьараб мехалъ кумекалъе ятулей гьунар тIокIай врач, Зубаржат МухIамадовнаялъе баркала кьола гьитIиназги кIудиязги. Риидалил заманаялъ хIухьбахъи гьабизеян росулъе щваниги, цо къо букIунаро гьелъул унтаразе кумек гьабулареб.

I970 соналъ мединститутги лъугIун, гьей хIалтIана Республикаялъул лъималазул больницаялъул гьанжего гьанже гьарурал лъималазул отделениялъул заведующийлъунги, Республикаялъул сахлъицIуниялъул министерствоялъул аслияй специалистлъунги, Республикаялъул лъималазул рокъоб нухмалъулесул заместительлъунги, сакъатал лъималазул отделениялда врач-ординаторлъун ва заведующийлъунги. Зубаржат МухIамадовна хIалтIана медикиябгун социалияб экспертизаялъул нухмалъулейлъунги, I99I соналъ ГъаракIуниб больницаялъул главврачлъунги.

ГьабсагIат Зубаржат МухIамадовна хIалтIилей йиго Умагьани Катиновасовалъул цIаралда бугеб медицинаялъул централда лъималазул врач - педиатрлъун.

Гьей йиго тIадегIанаб категориялъул врач, мустахIикълъана «Дагъистаналъул мустахIикъай врач», «СССРалъул сахлъицIуниялъул отличник» цIаразе, щвана гIемерал шапакъатал, грамотаби ва баркалаялъул кагътал.



ПатIимат Къурбановна
ХIАМЗАТОВА

Хунзахъ районалъул ГьоцIалъ росулъа ХIамзатова ПатIимат Къурбановна жакъаги йиго свак лъачIого хIалтIилей. ГIолохъанал ясалгицин рухIдаллъизе бегьула гьелъул жигар-жаналъухъ ралагьун.

ГьоцIалъ гьоркьохъеб школалда авар мацIалъул мугIалим, росдал советалъул ва Хунзахъ районалъул депутат, росдал руччабазул советалъул председатель, районалъул ЖамгIияб палатаялъул комиссиялъул председатель... Гьабги тIубараб сияхI гуро, гьелъ тIаде босанщинаб хIалтIул. Жинца тIаде босараб хIалтIиги ПатIиматица гьабула ракI унтун. Гьабураб бихьизеги бихьула.

20I0 абилеб соналъ ПатIимат Къурбановналъе Республикаялъул авар мацIалъул мугIалимзабазул конкурсалда щвана I-себ бакI, Москваялда тIобитIараб конкурсалда щвана "Рахьдал мацIалъул бищун лъикIай мугIалим" цIар. Гьелъул цIалдохъабаз санайил росула республикаялъул олимпиадабазда ва конкурсазда тIоцересел бакIал.

Гьединлъидал гьей мустахIикълъана "Дагъистаналъул лъайкьеялъул отличник", хадубго - "Россиялъул лъайкьеялъул хIурматияй хIалтIухъан» - абурал цIаразеги, цIалдохъабазул ва пишацоязул баркалаялъеги.

Машгьурай филолог, педагог ва журналист, филологиял гIелмабазул кандидат, культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан Роза Эльдаровалъулгун хабар ккана, гIицIго гьелъул гIумруялъул хIакъалъулъ гуреб, хIалтIул, гIелмуялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъги…



# НЕКIОСЕЛЪУЛГИ ГЬАНЖЕСЕЛЪУЛГИ БУХЬЕН ТIОЛЕБ БУГО…

### ВА ТIАДЕ ЩВАНА РАГЪ…

- Гьаюна дун 1940 соналъул бищунго цIорораб февраль моцIалъ. Тумазул гIадат буго, лъимер гьабун хадур, лъадиги лъимерги 40 къоялъ гьелъул эбелалда аскIор толеб, - абун байбихьана Роза ХIажиевнаялъ хабар. - Гьедин дир эбелги, дун гьайизе, Куйбышевалда гъалайчилъун вукIарав эмен ХIажи Мусиевас йитIун йиго росулъе. Гьение щвезегIанго хутIичIого, дун гьелъ гьаюн йиго МахIачхъалаялда.

Гьебги рагIун, нижер росуцояй ва инсул гIагарай чIужу, филолог-педагог, тIехьалъул автор, Жарият Ханова ячIуней йикIун йиго эбелалъухъе больницаялде ва къватIие йиччараб мехалъ нухарегIун йиго Лак районалде. Гьедин дир документаздаги Роза Мусиева ГIумекий гьаюнилан хъван буго. Их бачIингун, дунги ячун Куйбышевалде инсухъе тIадюссун йиго эбел.

- Гьенире щун рахъиналде тIаде щун буго рагъ... Гьединлъидал дунги рикIкIине бегьула рагъул лъимерлъун. Нилъер аскарал кутакалда нахъе къалел рукIун руго. Эбелалъе бокьун буго рокъое, Дагъистаналде тIадюссине. Эмен гьелда данде чIун вукIун вуго, нухда щиб букIаниги ккун, рилизе бегьулин. Гьедин ккезеги ккун буго. I941 соналдаса хадуб инсул хIакъалъулъ кинабгIаги баян гьечIо.

… Эбелалъ бицухъе, ниж щун руго Астраханалде, гьенисан гьакидаги рекIун ун руго, кIудияй эбел Загьидатил вацаз гIумру гьабулеб букIараб, Гьизляралде. Нухда дун унтун йиго коралъ. ГIагарлъиялъухъ сахги гьаюн, ун руго ГIумекие. Гьениб ана дир лъимерлъиги.

Роза ХIажиевалъ бицана жинда макьилъ гIадин ракIалде щолила рагъул сонал. РакIалда хутIараб жо бугила кIодоги эбелги колхозалда хIалтIулел рукIараблъи. Хадуб ГIумекиб рагьанила буртина бугIулеб артель. Гьелъул гьарулаанила рагъухъабазе чакмабазда жанир ретIине, валенкабазда релълъарал гIадинал, хинал щватаби. «Кинабго фронталъе – кинабго Бергьенлъиялъе» абураб ахIуда гъоркь анила рагъул ункъабго сон.

- ГIумекиб рагъ байбихьилалдего букIана бакIалъул электростанция. Гьеб букIана, шагьараздаса нахъе ккечIеб, культуриябги промышлениябги централъун. ХIалтIулаан гьениб кIиго школа, лъималазул рукъ, педучилище ва тумазул театр. Амма, хасало, лъимги дагьлъун, гIураб ток электростанциялъ кьолароан.

Школалде Роза ана рагъ лъугIун хадуб, гьелда цадахъ цIалулаан детдомалдаса лъималги. Пачалихъалъул къайимлъиялда ругел гьел лъимал гIемерго лъикI ретIа-къан рукIунаан. Гьезул букIана унгояб школалъул форма: васазул - тIажугун пиджак, хинаб пальто, ясазул - гордегун фартукги, гъалазда рухьун банталги. Росулъа лъималин абуни рукIунаан, размерго данде кколарел, буртинадул чакмабигун яги резиналъул галошалгун. Каникулазул заманалда детдомалдаса лъимал унаан пионеразул лагеразде, росулъа лъималин абуни, рокъоб хIалтIи гьабулел хутIулаан.

Щуйилазда цIалулей Розада квеш букIунаан, цадахъ ругезе, гьезул эмен рагъда гIахьаллъанин, гьенив чIванин яги гьенисан вуссинчIиланги абун, байрамазда сайгъатал щолеб мехалда. Гьел киназулго улбулги рикIкIунаан рагъул гIахьалчагIазул лъудбилъун. Гьезие гьаризе рихьизарурал бигьалъабиги рукIана. Розал эбелалъулин абуни букIинчIо кинабгIаги статус.

- Дида лъаларо вукIаниш эмен рагъдаяли? ВукIун ватизе ккола ва гьенив араб бакI лъачIого тIагIине ккола гьев. Нижеда гьесул хIакъалъулъ щибго лъазе кIвечIо. ТIолгосоюзалдаго розыск лъазабуниги баянги щвечIо. Гьединлъидал, рагъул ва гьелда хадусел сonазда нижее бигьалъабиги ккечIо кумекги лъихъагIаги щвечIо, - ян абуна, щибго бахчичIого, Розаца.

### «ШКОЛАЛЪ ЛЪИМАЛАЗЕ КЬЕЗЕ ККОЛА РИХЬИЗАРУРАЛ ПРЕДМЕТАЗУЛ КЬУЧIАБ ЛЪАЙ»

КигIанго захIаматаб заман букIаниги 1958 соналъ Розаца школа щуйилазда лъугIизабуна. Гьеб заманалде щвезегIан школа росулъ щуйилазда лъугIизабурал гIолилал

вузазде экзаменалги кьечIого росулел рукIана. Гьеб соналъ цIияб хIукму бахъана росулъа «медалистазги», шагьаралда цIаларазго гIадин, экзаменал кьезе кколин абураб.

- Гьединго рукIана цого миллаталъул гIолилал гIемерал росисе бегьуларин, лъайкьеялъул рахъ нахъе ккарал районаздаса цIикIкIун росисе кколилан абурал рихьизариялги. Экзаменал Розаца лъикI кьуна, хIатта, школалда мугIалимги гьечIого, анлъабилеб классалъул программа гурони лъазабичIеб ингилис мацIцин. Гьедин лъугьана тарихиябгун филологияб факультеталде.

### ГIУМРУ... КЪИСМАТ... ХIАЛТIИ...

- Университет лъугIидал аспирантураялда цIализеги букIана дир гъира ва кафедраялъ кумекги гьабулеб букIана. Амма гьелъие рес рекъечIо. Дирго районалде ана хIалтIизе. Районоялъ дун йитIана Кара росулъе, микьго сонил школалда гIурус мацI ва литература малъизе.

КIиго соналъ гIагараб районалдаги хIалтIун Роза Мусиева рукъалде юссана, гьей ана курсалда цадахъ цIаларав, Гумбет районалъул Аргъвани росулъа Ибрагьим Эльдаровасе.

- Ибрагьимилги къисмат абизегIан бигьаяб букIинчIо. Гьесул эмен ЧIохъа кколаан ва цогидаб хъизангун МахIачхъалаялда вукIана. ЛъагIелалъ росульги хIалтIун нижги МахIачхъалаялде рахъана. Дир якьад жиндирго ясалда аскIой Хасавюрталда йикIунаан. Гьелъие дунги дир лъималги цIакъ рокьулаан. Гьединлъидал нижер гьоркьохъев Юсуп лъагIелгIан заманаялъ кIодода аскIов тун вукIана. Лъабго сонги бан гьенисан нахъе вачунелъул, гьесда гIицIго магIарул гурони мацI лъалароан. «Баба» - ян абулаан дир лъималаз кIодода. Дидаги магIарул мацI дагьабго бичIчIулаан, гьанже ракI бухIун буго гьеб лъикI лъазабичIого теялдаса, хIалтIудагицин хIажалъизе букIун буго гьеб дие.

Шагьаралда нижее кумекалъе квер чIвазе чи вукIинчIо. ГIумру гьабун букIана чияр рокъоб. Анлъго соналъ университеталдаги хIалтIун (цо заманаялъ Ибрагьимги вукIана гьенивго хIалтIулев) нижее щвана рукъ.

Роза ХIажиевналъ гьираго гьечIого бицунеб букIана жиндирго хъизаналъул хIакъалъулъ. Гьелъул рос, кIиго нухалда бохги къотIизе ккун сакъатлъаниги, къвакIун чIчIана.

- ЗахIматал 90 абилел соназ нижер хъизаналдаги квешго кьаби щвезабуна. I993 соналъ нижее камуна кIудияв вас. Гьев вукIана цаби-гIусазул тохтурлъиялъе цIаларав ва хъизаналъго мугъчIвазе бегьулев чи. Гьебги захIмалъун, лъагIалидаса хвана рос Ибрагьимги. Гьоркьохъев ва гьитIинав васазги гьабуна армиялда хъулухъ, рахъана цIалун, амма гIумруялда гIемераб битIккей гьезул букIинчIо. КIваричIо гьебги, чIаго хутIаралги гIела. Дир рохеллъун вуго Юсупил вас Ибрагьим.

Ниж хабаралда ругеб мехалъ Ибрагьим вачIана кIодоэбелалъухъе щвезе ва нуцIихъаго ахIана жинца булкаби росана дуейилан. Жаниве ваккидал дагьавго намуслъана гьев.

- Щиб миллаталъул чи гьав дир Ибрагьимилан дуда кколеб? Гьасул вуго кIиго кIудада – магIарулал, цо кIодоэбел лъарагIай, кIиабилей тумай. Лъадилъун гьас ячана даргияй. Дир гъира буго гьезие лъимер гьабун йоххизеги, - ан гьимулаго абуна гьелъ.

Роза ХIажиевнаялъ бицана, рос хун хутIидал жиндие кумекалъе батанила хIалтIи. ДГУялда дарсал кьезе гьелъ байбихьун букIана 1968 соналъ ва хадуйги тIадюссана гьебго гIагараб факультеталде.

- Университеталъул филфакалда 25 соналъ хIалтIана ва дица чанго факультеталда малъана гIурус мацI. 90 сонazул байбихьуда рагьана ДГУялда тумазул ва табасараназул отделениял ва дун дагъистаналъул мацIазул кафедралде лъугьана хIалтIизе. Гьеб мехалда цIунана, гIумруялъго тIад хIалтIараб, тумазул глаголалда хурхараб темаялда диссертация. Хадуб хIажалъана гIагараб мацIалъул программа, пособиял ва учебникал хъвазе. Хъвана фонетика, синтаксисалъе пособие, жеги гIемерал жал хъвазе ракIалда букIана, амма гIемерисеб гьабичIого хутIана, - ян бицана гьелъ.

Роза Эльдарова кидаго йикIана жиндирго студентазе мисаллъун. Гьанжеги гьединайлъун хутIун йиго тарбия щварай, гIадлуялда йикIине лъалей, захIмат бокьулей ва ракIбацIадай гIадан хIисабалда.

**Виолетта РАТЕНКОВА**

**P.S. Гара-чIвариялде хIадурулаго дун яккун йикIана ДГУялъул поисковикалде, Розал Эльдаровалъул хIакъалъулъ дагьаб-макъаб баяналда хадуй. Гьениб тIоцебе рагьараб, «Профессоразул рейтинг» абураб бакIалда студентаз хъван батана: «Факультеталдаго бищун бахIарчияй препод! ХIурмат гьабула!» - ян.**



# МАГIАРУЛ ХIАРПАЛ






Гьин, гьоркьо, гьунар, гьури,
Магь, мугьру, мегьед, гьудгьуд,
ГьоцIо, гьали, гьуинлъи-
Гьал рагIаби недегьго,
ХIухьел угьун абила.



Гьугьула, угьдула,
Гьимула, гьигьидула,
Бегьула, гьогьомула,
Бугьула, гьоносуна,







Гьаркьагъуна, гьарула,
Багьалъула, рагьула,
Гогьдарула, угьуна,
Гьалаглъула, гьедула.
Гьаракь, гьоло, гьан, гьумер,












Гъ хIарп гъварараб буго,
Гъулгъудула, багъула,
Гъенола, гъаримлъула,
Гъарула, гъапуллъула,




Гъаран, магъало, рагъи,
Аргъан, гъадаро, гъамас,
Гъудал, гъеду ва саргъас
РагIабазулъ гъаб гъ хIарп
Гъварун абизе ккола.





Гъурула, гъиргъидула,
Гъалула, гъугъадула,
Гъаргъар щола,гъанцIула,
Багъарула, гъезона,
Гъуни, гъалбацI, гъалмагъир,





ХIадур гьабуна Сарат МУХIУМАЕВАЛЪ



# Журнал в журнале

Зарема Алиева



## ШАМПИНЬОН

### ЦЕЛЕБНЫЕ СВОЙСТВА

По своей питательности шампиньоны приравнивают к мясным продуктам. В них обнаружено высокое содержание незаменимых аминокислот, соединений калия и фосфора, никотиновой кислоты (витамина РР), а также других витаминов (А, С) и антибиотика.

### РЕЦЕПТЫ

Индейка с шампиньонами. Требуется 600 г шампиньонов, 3 луковицы, 2 ст. л. сливочного масла, 1 стакан сметанного соуса, перец, соль. Индейку (мясо) нарезать брусочками длиной 3-4 см, посыпать солью, перцем, обжарить на хорошо разогретой сковороде в течение 3-5 минут. Приготовить шампиньоны, нарезать их, поджарить, добавить мясо и поджаренный лук, залить соусом по вкусу, довести до кипения. Подать с картофелем, нарезанным соломкой и жаренным во фритюре.

Картофель жареный с шампиньонами. Требуется 10 картофелин, 300 г свежих шампиньонов, 2 луковицы, 2 ст. л. топленого масла, зелень. Картофель обжарить до золотистой корочки. Грибы и лук обжарить отдельно, соединить с картофелем, посолить, поставить в духовку и довести до готовности.



## ГРУЗДИ

### ЦЕЛЕБНЫЕ СВОЙСТВА

Грузди относятся к целебным грибам, исстари их употребляли в чуть поджаренном виде, а чаще всего в сыром, при лечении мочекаменной болезни и туберкулеза. Грузди не терпят длительной тепловой обработки, не выносят действия кислот. При холодной засолке все ценные вещества гриба остаются нетронутыми, не подвергаются разрушению.

### РЕЦЕПТ

Холодная засолка. На 5 кг грибов надо 180 г соли, 100 г укропа. У груздей отрезать корешки, промыть, залить на полчаса холодной водой, 3 раза ее менять, скинуть грибы на дуршлаг.

Подготовить емкость для засолки: ошпарить, дно закрыть капустными листьями, уложить в один слой грузди, пересыпать солью, сверху положить стебли и веточки укропа, по вкусу – лист смородины, стручковый перец, на них поместить следующий ряд груздей, затем специи и так далее. Верхний ряд грибов закрыть капустными листьями и на них положить деревянный кружок с грузом.

Старые крупные грибы перед засолом вымачивают двое суток в холодной воде, меняя ее через 6-8 часов.

## РЫЖИК



### ЦЕЛЕБНЫЕ СВОЙСТВА

Популярнейший гриб – рыжик обыкновенный, или деликатесный. Содержащийся в нем фиолетовый пигмент, определяющий его окраску, обладает антибиотическим свойством. Рыжик значительно задерживает рост туберкулезной палочки, оказывает лечебное действие при болезнях, вызванных нарушением обмена веществ, в том числе при пятнистости кожи (витилиго). Известно также, что рыжик содержит противоревматическое вещество, сходное по действию с кортизоном. «Закусите сырыми молоденькими рыжиками или желтенькой сыроежкой перед едой, чуть-чуть подсолите и ешьте с хлебушками – никаким раком не заболеете до ста лет», – говорили в народе.

### РЕЦЕПТ

Паста из рыжиков с укропом. Требуется 50 г сливочного масла, 100 г тертого сыра, 2 сырых молодых рыжика, 1 ст. л. рубленого укропа, молотый перец. Грибы хорошо промыть, мелко нарубить, смешать с остальными компонентами и взбить массу. Использовать на бутерброды.

# СОВЕТЫ ХОЗЯЙКАМ

- Суперклей с кожи можно снять соком мандарина.
- Белый мех хорошо чистить крахмалом, а для блеска протрите его тряпкой, смоченной уксусной эссенцией.
- Белые носки прекрасно отстирываются, если их предварительно замочить на 1-2 часа в воде, в которую добавлена борная кислота (1-2 ст/л на 10 л воды)
- Если нужно срочно избавиться от жирного пятна, можно посыпать его зубным порошком и прогладить через бумагу.
- Охлажденной водой после варки картофеля или макарон можно поливать комнатные цветы. Питательные вещества, содержащиеся в ней, понравятся вашим растениям.
- Для того, чтобы убрать известковый налет около крана, нужно протереть это место теплым уксусом.
- Когда вы чистите аквариум, не выливайте воду, а используйте ее для полива комнатных растений. В помете рыб содержатся азот и фосфор, что делает воду отличным удобрением.
- Чтобы пустые герметично закрытые контейнеры при хранении не приобрели неприятный запах, насыпьте в каждый щепотку соли.
- Чтобы сильнее чувствовался аромат лимона, надо обдать его кипятком.
- Если в вазу с фруктами положить лимон, то фрукты дольше останутся свежими.
- Не кладите цитрусовые или помидоры в холодильник. Низкая температура ухудшает вкус и аромат этих капризных продуктов.
- Если в рассол с солеными огурцами добавить немного сухой горчицы, они станут вкуснее и будут храниться дольше.
- Не кладите лавровый лист в куриный бульон – он теряет свой аромат.
- Лук потеряет горечь и будет гораздо вкуснее, если его после нарезки положить в дуршлаг и обдать кипятком.
- Если помидор лопнул, посыпьте трещину крупной солью, тогда он не заплесневеет.
- Не храните бананы вместе с другими фруктами и в одной грозди. Разделите гроздь и держите бананы отдельно друг от друга. Бананы выделяют газ, который способствует быстрому созреванию фруктов (и других бананов).
- Овощи при варке нужно класть только в кипящую воду.

# ЗНАЕТЕ ЛИ ВЫ?



## БРЮССЕЛЬСКАЯ КАПУСТА

Сравнительно молодое овощное растение. Предполагают, что ее начали выращивать не ранее XIII века. Родина – Средиземноморье. Предшественницей брюссельской была капуста листовая, от которой и произошли все остальные виды капусты. Сегодня она особенно распространена в Западной Европе. У нас капусту брюссельскую выращивают в южных районах с умеренными летними температурами. Гурманы считают, что кочанчики полностью раскрывают свой аромат после того, как их слегка прихватит легкий морозец. После этой короткой шоковой обработки холодом капуста становится вкуснее. Однако температура не должна быть ниже минус 5 градусов.

Это растение с невероятной энергией стремится к солнцу. Стебель-кочерыжка брюссельской капусты достигает высоты от 80 до 100 см. На ней образуется множество мелких кочанчиков – каждый уже сам по себе мини –капусточка. В зависимости от сорта кочанчики могут достигать в диаметре до 4 см. Наряду с широко распространенными зелеными бывают также кочанчики с красноватым оттенком, который, однако, утрачивается при варке. Питательная и диетическая ценность брюссельской капусты выше, чем у обычной, кочанной. Так, по содержанию витамина С она превосходит своих капустных родственников.



## МАКЛЮРА

В Средней Азии растет декоративное дерево, дающее красивые оранжевые плоды, похожие на апельсины. Это маклюра – родственница шелковицы. В последние годы маклюра часто упоминается как источник ценных лекарственных препаратов. Народная медицина уже давно использовала млечный сок дерева для лечения различных кожных заболеваний. Как выяснилось, в нем много биологически активных веществ класса циклических тритерпеновых спиртов, к которым относятся стерины, желчные кислоты, сапонины. В соплодиях маклюры много сахаров, пектиновых веществ, в листьях – лимонной кислоты. Семена маклюры – небольшие сухие орешки – почти на треть состоят из жирных кислот. Но самыми полезными веществами этого растения можно считать флавоноидные соединения. Среди них – осаин, вещество со свойствами витамина Р, который во взаимодействии с витамином С уменьшает проницаемость и повышает прочность капилляров. Как показали исследования, при длительном применении осаин оказался даже более эффективным, чем всем известный рутин

# ЗАМОРОЖЕННЫЙ ЯГОДНЫЙ ТОРТ С БЕЗЕ



***На 12 порций:***

- ***600 г клубники***
- ***1 ст. л. сахарной пудры***
- ***6 белков***
- ***250 г сахара***
- ***800 мл сливок***

**Приготовление:**

1. 500 г клубники мелко нарезать. Посыпать ягоды сахарной пудрой.
2. Нагреть духовку до 160°. Взбить белки с сахаром. Заполнить массой кондитерский мешочек с насадкой с круглым отверстием. На 2 противня, застеленных бумагой, выпустить 4 круга диаметром 22 см и собрать массу к центрам кругов. Отдельно выпустить на противень несколько капель белковой массы. Выпекать каждый по 20 мин, остудить.
3. 1 корж заключить в кольцо для торта. 200 г сливок взбить, добавить $^{1}/_{3}$ ягод, выложить на корж и поставить охладиться в морозильную камеру на 20 мин. Накрыть другим коржом. Так же поступить и с остальными коржами. Поставить торт на 4 ч в морозильную камеру.
4. За 2 ч перед подачей на стол снять кольцо с торта. Остатки сливок взбить и выложить на торт. Ягоды вымыть, очистить, мелко нарезать и выложить на торт. Безе искрошить, посыпать им ягоды. Поставить на 2 ч в холодильник.

***Приготовление: 90 мин***
***Замораживание: 5 ч***
***В одной порции 310 ккал***

# КЛУБНИЧНО-БАНАНОВЫЙ ПАРФЕ



***На 12 порций:***

- ***60 г муки***
- ***100 мл молока***
- ***4 яйца***
- ***2 пакетика ванильного сахара***
- ***соль***
- ***1 ст. л. топленого масла***
- ***100 г белой глазури***
- ***1 банан***
- ***3 ст. л. лимонного сока***
- ***250 г клубники***
- ***250 мл сливок***

**Приготовление:**

1. Муку смешать с молоком, 2 яйцами, 1 пакетиком ванильного сахара и солью. Оставить на 30 мин. На сковороде с антипригарным покрытием в небольшом количестве топленого масла испечь 4-6 блинчиков.
2. Глазурь растопить. Бананы нарезать кусочками и измельчить в пюре вместе с лимонным соком.
3. 2 яйца взбить с 1 пакетиком ванильного сахара, добавить глазурь и пюре. Ягоды нарезать кусочками и добавить в массу, ввести сливки, массу взбить.
4. Форму для кекса (28 см) застелить пленкой и выложить половиной блинчиков. Распределить на них фруктовую массу, сверху – вторую половину блинчиков. Поместить на 6 ч в морозильную камеру.
5. Готовое парфе нарезать кусочками, посыпать сахарной пудрой.

***Приготовление: 60 мин***
***Замораживание: 6 ч***
***В одной порции 200 ккал.***

# КЛУБНИКА С ВАНИЛЬНЫМ САБАЙОНОМ



***На 4 порции:***

- ***500 г клубники***
- ***16 шт. продолговатых бисквитных печений***
- ***2 яйца***
- ***4 ст. л. белого сладкого вина***
- ***2 ст. л. с верхом сахарного песка***
- ***1 пакетик ванильного сахара***
- ***листики мяты***
- ***молотая корица на кончике ножа***

**Приготовление:**

1. Клубнику тщательно перебрать, отобрав спелые, но неперезревшие ягоды. Вымыть клубнику под струей холодной воды, очистить ее от зеленых плодоножек, обсушить и разрезать каждую ягоду пополам.
2. В 4 креманки или в низкие широкие бокалы положить по 4 бисквитных печенья, выложить на печенье клубнику.
3. Для приготовления ванильного сабайона смешать яйца с белым вином и ванильным сахаром и взбить смесь в густую пену с помощью миксера. Поставить на горячую водяную баню и продолжать тщательно взбивать с помощью веничка до загустения смеси, слегка остудить.
4. Теплым ванильным сабайоном полить клубнику. Подать на стол, украсив листиками мяты и посыпав корицей.

***Приготовление: 30 мин***
***В одной порции 140 ккал***




# Рецепты
## от наших читателей

### Клубничный летний суп

400 г спелых ягод клубники засыпать ½ стакана сахара и поставить на 6-8 ч в холодильник. ¼ стакана сахара прокипятить с 6 стаканами воды, влить ½ ст. ложки разведенного крахмала, довести до кипения. Добавить в него клубнику с образовавшимся соком, осторожно размешать и охладить. Подать на стол со взбитыми сливками (35% жирности, ½ стакана).

### Парфе клубничное

1 – 1 ½ стакана клубники вымыть, очистить от плодоножек, дать воде стечь. Ягоды растереть, добавить ¾ стакана сахара и перемешать. Пюре поставить в холодильник на 1 ч, изредка помешивая. Ввести в пюре охлажденные взбитые густые сливки при непрерывном помешивании венчиком. Выложить массу в формочки с толстыми стенками и заморозить в холодильнике.

### «Красная Шапочка»

Ломтики хлеба (без корок) нарезать ромбиками и обжарить на сливочном масле. На гренки из кондитерского шприца выложить творожную массу. Готовят ее так: творог вместе с клубникой пропустить через мясорубку или протереть через сито, добавить сахар, все тщательно перемешать. Украсить готовые тартинки половинками ягод клубники.

Для гренка: 20 г пшеничного хлеба, 1/5 ч. л. сливочного масла.

Для творожной массы: 30 г творога, ½ ч. л. сахара, 1 ст. л. спелой клубники.



**Появление больших и более совершенных моделей холодильников, которые уже не требуют регулярной разморозки, привело к тому, что на полках часто и подолгу соседствуют кастрюльки с едой,** начатые упаковки полуфабрикатов, забытые остатки сыра и консервов, лекарства, косметика и многое другое. В таком захламленном холодильнике даже непривередливая мышь вряд ли захочет повеситься!

## ПОЧЕМУ И В ХОЛОДЕ ПРОДУКТЫ ПОРТЯТСЯ?

Кислород, без которого немыслима наша жизнь, участвует во всех окислительных процессах и является главной причиной порчи продуктов. Поэтому, если ты думаешь, что бульон или колбаса могут «жить» в холодильнике бесконечно долго, то ошибаешься. **Холод лишь замедляет, но не прекращает обмен веществ в овощах, ферментацию мяса и рыбы, не говоря уже о росте микроорганизмов.** При комнатной температуре фарш скиснет за 4-5, а бульон – за 8 часов. В холодильнике они простоят, не испортившись, 12 часов и 3-4 суток соответственно. А еще срок хранения зависит от того, сколько воды содержится в продукте. Чем выше влажность продукта, тем короче срок, за который его надо использовать. Рекомендация хранить снедь в пакетах и контейнерах – вовсе не чья-то причуда. Таким образом ты уменьшаешь доступ кислорода к продуктам. (Кстати, эту задачу стало гораздо проще решать с изобретением безопасных пластиковых пленок, которые не вступают в химическую реакцию с жирами). Возьми на вооружение хороший совет: **заворачивая колбасу или сыр в пленку, прижми ее как можно плотнее к поверхности куска.**

Еще одна проблема – запахи. Смешавшись, они могут образовать такое «амбре», что придется срочно проветривать и мыть камеру. Впрочем, какой-то запах в холодильной камере всегда есть.

Сделать его нейтральным помогут баночка с сухим горчичным порошком, который является неплохим дезодорантом, или таблетки активированного угля.

Следующий фактор, сокращающий «жизнь» продуктов, – соседи по полке. Замечено: если яблоки,



# Как использовать мороз?

апельсины или бананы положить рядом с мясом, рыбой или колбасой, то последние подвергнутся сильнейшей «химической атаке» выделяемых фруктами паров эфирных масел, ускоряющих ферментативные процессы. Между прочим, **экзотические заморские фрукты вообще не переносят холода и при пониженной температуре портятся гораздо быстрее, чем при комнатной.**

### ДЛЯ ПИТАНИЯ КОЖИ И РАСКРАШИВАНИЯ ЛИЦА

Взгляни на дверцу холодильника. Наверняка ты увидишь лежащие на полочках тюбики с кремом, губную помаду, возможно, духи, которыми ты не пользуешься, а выкинуть жалко. Прямо скажем, ничего хорошего. Крем для лица при температуре ниже плюс 10 загустевает довольно быстро. В первые дни можно не заметить разницы, а затем будет казаться, что наносишь на лицо замазку. «Охлажденный» крем ложится толстым слоем, плохо впитываясь и мешая коже дышать. Постепенно из него испаряется вода и улетучиваются другие компоненты. Помада, если перемерзнет, тоже ведет себя неадвекатно. Только тебе удастся преодолеть ее сопротивление и накрасить губы, как помада уже собирается в комочки. Видок получается такой, будто у тебя сильно обветрились губы. В общем, срок годности начатых кремов и другой косметики от хранения в холодильнике практически не увеличится. Что касается духов, то их главный враг вовсе не тепло, а яркий дневной свет.

### ЗДЕСЬ ТЕБЕ НЕ ДОМАШНЯЯ АПТЕЧКА

Только очень специальные лекарственные средства нужно хранить при температуре ниже + 20 градусов (например, свечи или вакцины) Ни йоду, ни зеленке, ни каплям от насморка не нужен холод, чтобы сохранять лечебные свойства.

### ТУФЛИ И КУРТКА В МОРОЗИЛКЕ

И уж совсем нелепыми кажутся многие «бабушкины» советы. Например, перед тем как сушить, рекомендуют замораживать выстиранную кофточку из ангоры, чтобы она приобрела пушистость. Оставь холодильник в покое! Просто встряхни кофточку после стирки. Результат будет тем же.

Или вот «оригинальный» способ разнашивать жмущую обувь. В туфли вкладывают пластиковый пакет и, налив воду, ставят в морозилку. (Господи, а продукты-то из нее куда на это время убрать?) Вода, замерзая, расширяется и растягивает кожу, причем во всех направлениях, а не только там, где обувь жмет. Убедительная просьба: не проводи этот эксперимент. Толку мало, а туфли, особенно из тонкой и лаковой кожи, можешь испортить.

А вот неплохой совет, как очистить жевательную резинку с куртки. Догадываешься? Ну да, положи в морозилку. Замерзшая «жвачка» действительно лучше счищается. А если комочек резинки прилип к ковру? Тоже в морозилку засовывать? Отнюдь! Положи на него кусочек льда.

## МЕЖДУ ПРОЧИМ...

### *ВЕСЬМА ПОЛЕЗНЫЕ РЕКОМЕНДАЦИИ*

- Если хочешь, чтобы продукты всегда оставались свежими, храни их в контейнерах с крышками, лучше – вакуумными.

**Замерзшее молоко** при оттаивании не теряет своих свойств, а вот сметана расслоится и будет выглядеть неаппетитно.

**Замороженные овощи** не обязательно полностью размораживать перед тем, как готовить.

**Замороженная жирная рыба** (семга, скумбрия, форель) после 1 месяца хранения в домашнем холодильнике теряет вкусовые и питательные свойства более чем на половину.

# Умная девушка и хан

*(Сказка)*

Жила когда-то на берегу реки бедная девушка. Был у нее младший брат, совсем еще юный. Пришел однажды к ним ханский слуга и говорит:



– Ты что это своего брата от ханской службы прячешь? Твой брат уже достаточно большой, он должен явиться к хану, поклониться ему. Хан хочет узнать, на что годится твой брат.

Парень пришел к хану. Тот говорит:

– Вот моя первая задача: пойди узнай, сколько лет серому зайцу, который живет на солнечном склоне зелёного хребта.

Парень вернулся домой и говорит сестре:

– Не справиться мне с ханской задачей. Он приказал узнать, сколько лет серому зайцу, который живет на солнечном склоне зелёного хребта.

– Ну, это совсем просто, – сказала девушка. – Нарви несколько горстей земляники, положи её на заячьей тропе, а сам спрячься в кустах и слушай.



Парень всё сделал, как сказала сестра. Сидит, ждет. Вот бежит заяц. Подошёл он к землянике и начал есть. Поел и сказал:

– Шестьдесят шесть лет живу на солнечном склоне зелёного хребта! И впервые в жизни ем такую вкусную еду!

Парень пошёл к хану и сказал:

– Серому зайцу шестьдесят шесть лет.

Хан посмотрел в священную книгу, удивился и сказал:

– Правильно. Теперь вторая задача: сколько лет бурому медведю, который живёт на северном склоне зелёного хребта.

– Это тоже не трудно, – сказала девушка. – Вот тебе три шапки. Одну надень на голову, а две другие, набитые травой, прикрепи к плечам. Спрячься в кустах у медвежьей тропы и жди. Когда появится медведь, выйди из кустов и слушай.

Парень всё сделал, как сказала сестра. Сидит и ждет. Вот появился медведь. Парень вышел из кустов. Медведь вскрикнул:

– Восемьдесят восемь лет живу на северном склоне зеленого хребта! И впервые в жизни вижу трёхголового человека!

Парень пошёл к хану и сказал:

– Бурому медведю восемьдесят восемь лет.

Хан посмотрел в священную книгу, удивился и сказал:

– Правильно. Теперь третья задача. Приходи завтра укрощать моего любимого вороного жеребца. Все его боятся, никто не может укротить.

Парень вернулся домой и говорит сестре:

– Третья задача хана самая трудная. Завтра надо укротить его любимого вороного жеребца. Все его боятся, никто не может укротить.

– Не печалься, – говорит сестра, – я приготовлю тебе три железные плети. Тремя плетьми ты укротишь любого жеребца.

Утром парень пришёл в ханский загон и увидел могучего вороного жеребца. Парень начал хлестать его плетью. Когда плеть измочалилась, жеребец присмирел. Тогда парень вскочил на него и начал хлестать второй плетью. Жеребец взвивался на дыбы, подкидывал зад, но сбросить парня не мог, а парень исхлестал уже вторую плеть. Жеребец выбился из сил, но всё ещё пытался сбросить парня. И тут парень выхватил третью плеть.

– Ох, больше не могу! – закричал жеребец и вдруг превратился в хана.

Так брат и его умная сестра победили хана.



# Буйнахъскиясул къотIноб къваридаб мина

МахIачхъалаялъул Буйнахъскиясул цIаралда бугеб къотIноб буго тарихияб памятниклъун рикIкIунеб, берцинаб, 1938 соналъ бараб, мина. «Дагъистан» гостиница букIана гьениб цебе. Гьанже Ростовалъул университеталъул филиал буго гьеб. 1975 соналдаса нахъе гьеб мина, бакIалъул кIвар бугеб тарихияб ва маданияб памятник хIисабалда, пачалихъияб хъаравуллъиялда гъоркь буго.

РагIа-ракьанде щун гьеб мина баялъул баян нахъе цIунун хутIун гьечIо, амма лъалеб буго, цIар рагIарав Ленинградалъул архитектор, Художествияб Академиялъул профессор, Герман Гриммил (1905-1959) проекталда рекъон бан букIин. Цебе гьеб мина бараб бакIалда даран-базаралъул подвалал ва лабазал рукIун руго.

КIудияб ВатIанияб рагъул заман – хасаб тIамач буго гьеб минаялъул тарихалда. Гьеб мехалъ гьениб букIана госпиталь. 1942 соналдаса байбихьун киналниги Дагъистаналъул шагьаразда ва цо-цо росабалъгицин рагьун рукIана рагъул госпиталал. МахIачхъалаялда – 20, Буйнахъскалда – 10, Дербенталда – 10, Каспийскалда – 13, Избербашалда – 2, Хасавюрталда – 3, Кизляралда – 3…

Гьеб «Дагъистан» гостиницаялъул минаялда жаниб рагьун букIана аслияб ва бищун кIудияб лъукъарал рагъухъаби къабул гьарулеб № 3187 госпиталь. Цого заманалда гьенив къабул гьарун бажарулаан 1200 БагIараб Армиялъул рагъухъан. Рагъул заманалда жаниб гьениб кумек щвана 33 азарго гIанасев солдатасе ва офицерасе. МахIачхъалаялъул госпиталазда лъукъарал рагъухъабазе кумекалъе рахъун чIун рукIана дагъистаналъул, хадур цIар рагIарал хирургаллъун рахъарал, врачал: Р.П. Аскерханов, М.М. Макъсудов (Дагъистаналъул сахлъицIуниялъул министр), тIадегIанаб квалификациялъул хирург Д.М. Далгат ва гь.ц. Госпиталазул хIалтIуе нухмалъи гьабулаан ДАССРалъул сахлъицIуниялъул Нарком Могуч Яникианица. Наркомздравалда экогоспиталазул отдел рагьун букIана. Гьенив нухмалъулев вукIана сахлъицIуниялъул Наркомасул заместитель, 2 рангалъул рагъулав врач Оганес Бароян. 1943 соналдаса нахъе гьебго хIалтIи гьабуна Серажутдин ГIалибековас.

Врачаз тIадегIанаб даражаялда тIубазабулеб букIана гьезда тIад лъураб борч ва нилъер республикаялъул госпиталазде ккарал лъукъаразул 80 % сах гьарулел рукIана. Цо-цо мехалъ гьеб процент 91 ялдеги бахунеб букIана. Амма киналго лъукъарал гуроха хвасар гьарун бажарулел рукIарал. Госпиталалда хварал рагъухъаби рукъулел рукIана гIурус хабзалахъ – гьениб буго азаргоялдасаги цIикIкIун советияв солдатасул зани.

КигIан нечаниги, жакъа гьеб Буйнахъскиясул къотIноб бугеб тарихияб памятникалъул цIакъ квешаб хIал буго, тIохги гIекколеб буго, штукатуркаги гъунеб буго, чIабарги турун буго, къватIисан къадаздасан чорокал чваххелалги руго. Берцинал, гIебал, халичадул гIадаб накъищ тIад бугел пилоналги, гьединаб ахIвал-хIалалдаса хадуб, цере гIадинал берциналго ругилан кколел гьечIо. Гьеб минаялъе чара гьечIого къваригIун буго ремонтги реставрацияги. Хьул буго, Дагъистаналъул тарихалда гьединаб кIудияб кIвар бугеб мина, тIубанго биххун ине течIого, цIигьабилилан.

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**





БитIараб бицани, журналисталъул хIалтIи дие бокьула гIемер батIи-батIиял ишазде гьоркьое ккеялъги, батIи-батIиял ишазул, къисматазул, ригьалъул гIадамалгун дандчIвазе щвеялъги. Щивав чиясул буго жиндирго нух, жиндирго къисмат, жиндиего хасаб балагьи. Гьале гьанжеги рес ккана жиб руччабазе хасиятаблъун рикIкIунареб ишалъул гIаданалъулгун лъай-хъвай гьабизе. Гьей ккола кинолог – гьузби кверде ругьун гьарулей гIадан. Нужеда гIемерал лъалищ гьединал? Дида тIоцее дандчIвалей йиго…

# ГЬУЗБУЗДЕ РОКЬИГУН…

Гьабизинха лъай -хъвай: гьай ккола Дагъистаналдаго цохIо гурони гьечIей чIужугIадан-кинолог – Фируза ГIабдурахIманова – полициялъул прапорщик.

ТIаде ралагьун загIипайилан толей гьей гIолилай ОМОНалде ккей къисмат букIанилан абизе бегьила. Лъабго соналъ кинологазул отрядалдаги хIалтIун, гьениса нахъе арав росас, жиндирго гьалмагъ, Ноки абун цIар кьураб кIудияб ризеншнауцер тайпаялъул гьой, цадахъ бачIиндал, Фируза разилъулей йикIинчIо гьеб рокъоб тезе. Къваридаб квартиралда жаниб гьой хьихьизе бегьулин кколеб букIинчIо гьелда.

- Отрядалдеги ун, гьой нахъе бачеян лъазабуна дица. ОМОНалъул командирасул заместилель Андрей Ереминица абуна: «Мунго щай нижехъе хIалтIизе ячIунарей», - илан. Дун, гьесда абизе жоги лъачIого, йиххун хутIана. Рокъое юссунелъул нухда ракIалде ккана: «Щай батIаго гьение инеги бегьиларей? Нокигун ятIалъизеги бокьун гьечIелъул…». Рокъое щведал росасул формаги тIад ретIун матIуялда цее чIана ва рекъолеб бугин тана. Гьесдаги лъазабуна дун дур бакIалда хIалтIизе уней йигилан. Рос жавабалъе: «Йосула-ро!» - ян гьимана. Дицаги абуна: «Щай йосуларей, жидецаго ячIай-ин абуна», - йилан.

## ХЪУЛУХЪАЛДЕ ЛЪУГЬИН…

Фируза хIалтIизе лъугьараб заман данде ккана Къадаралъул ракьалда къалул лъугьа - бахъинал рукIарал къоязде. 1999 соналъул август. Медициналъул хъулухъалъул къокъагун цадахъ Фируза йитIана командировкаялъ Карамахи росулъе. Доб мехалда гьелда хадуб щула гьабураб гьойги букIинчIо, гьединлъидал гьелъул иш букIана медиказе кIвараб кумек гьаби. Лъабго къоялъилан араб командировкаялда моцIалъ хутIана.

- Киданиги кIоченаро доба бихьараб хIинкъи. РакIалдаго букIинчIелъулха дида рагъ-къал бихьилилан! Лъидаго букIун батиларо!

ГIажаибаб хиса-баси лъугьана гьениб: хIинкъиги тIагIана, цохIо лъукъаразе кумек гьабизе рорти гуреб, батIияб жоялъул пикруги букIинчIо. ГIемерал гIадамал чIвана гьеб заманалда дора…

## «НИЛЪЕРАЗГО КЬВАГЬУЛЕБ БУГИЛАНГИ ККОЛЕБ БУКIАНА…»

Фируза цадахъ йикIараб къокъа ккана зенитазулаб яргъил гулбузул цIадакье ва талихIалъ рорчIана гьеб цIадулъа къватIире

- Цо-цо мехалъ нилъер танкал ругеб гохIда нахъаса нилъеразго кьвагьулеб бугиланги кколеб букIана! Гьеб хIинкъи бугеб бакIалдаса нахъе рорчIидал, дун командирасде тIаде йортана: «Нужеца гьабулеб щиб, нилъергоязде кьвагьдезе бегьилищ!?» - илан. Гьес абуни дир квер ккуна ва кодоб букIараб яргъида хъвазабуна. Гьеб цIорон бугоан, - абун ракIалде щвезабуна Фирузаца.

- Чанги жо бихьана, хвелги аскIоб женжелеб букIана. Цо нухалъ, санитарияб машиналда жанир рукIаго, боевиказ кьвагьдезе байбихьана. Дица медсестра Заирада гьикъана: «Дуда лъалищ машина бачине?» - ян. Гьеб рагIарав нижер шофер: «Дун нужеца вукъизейищ вукъарав?» - илан вихха-хочун лъугьана.

Фирузаца бицана жинда цадахъ гьеб рагъулъ йикIанила хун хадуб Россиялъул Федерациялъул БахIарчи абураб цIар щварай Ирина Янинаги.

## ГIАГАРАБ ОМОН ВА УНКЪО ГЬОЙ

- Гьенисан юссиндал гьеб хъулухъ тезе ракIалде ккечIищ дуда? – абун гьикъана дица.

- КкечIо, гьелъул гIаксалда, дагьабги цIикIкIана ВатIаналде рокьи, - абун елъана Фируза. – Амма, гIадатияб гIумру гьабулел ругел гIадамал рихьун, рухIдаллъичIогоги хутIулароан. Нахъе ине абун ракIалде ккечIо. Дида дирго гIумру, гIагараблъун лъугьараб ОМОНалда гурони цебего тIамуларо. Офицерасул хъулухъги кьун, цогидаб подразделениялде дун йитIизейиланги лъугьун рукIана. Амма дун разилъичIо, гьанийго прапорщиклъун чIчIана ва ракIги бухIичIо.

Гьеб хъулухъалда Фирузаца хIадур гьаруна кьвагьулел жал ралагьулеб ункъо гьой. Гьузби тIаса рищизе росизеги жийго унаан. Отрядалде битIун бачIараб овчарка Ельваги Фирузахъе кьуна.

- Ельва бигьаго ругьунлъана дидехун. Гьелда хадуй вокзалалде щварай дир гьуждузда квачIалги лъун чIана гьой ва ричIчIана ниж цоцазда.

Фирузаца абуна гьаби ругьунлъизариялъе тIадегIанаб лъай гьечIониги гIолила, амма рухIчIаголъабазде рокьи чара гьечIого букIине кколилан.

- Кинологги гьойги цоцазда ричIчIизе ккола Гьесда бер чIварабго бичIчIизе ккола гьоялъе бокьарабги, гьелъул рекIел хIалги. ГIадамалго гIадин гьабиги рукIуна квешалги лъикIалги (елъулаго). Амма аслияб къагIидалда, гьойги гьеб куцалевги рукIине ккола гIамал-тIабигIатги гьира-шавкъги релълъарал.

Жиндирго гьабигун Фирузаца нилъер республикалда гIемерал спецоперациязда гIахьаллъи гьабуна. ГIемерал командировкаби рукIана ярагъги цогидабги бахчарал рохьаздеги. Хасго ракIалда чIана Карабудахкенталде гьабураб сапар, гьениб кьвагьизабун букIана машина.

- РакIалда буго, чанго километралъ лъелго ана ниж. Доб къоялъ дида цадахъ букIана Ромка ва нижеда батана СВУ. Ведроялда жаниб бахчун букIараб гьеб хадуб сапераз кьвагьизабуна.

## ХЪИЗАНГИ ХIАЛТIИГИ БАТIА ГЬАБИЧIОГО

- Кинха дур хъизаналъ къабул гьабураб гьединаб чIужугIаданалъул гуреб хIалтIи?

- Эмен гьелда тIад рекъезе вукIун ватиларо. ГьитIинаб къоялдаса нахъего вас гIадин гIурай дун йикIаниги. Амма кинологлъун яхъиндал эмен чIаго вукIинчIо. Гьанже дир гIумру буго хъизанги хIалтIиги ва гьел цоцада рухьарал жалги руго.

Фирузал йиго ДГУялъул юридическияб факультеталда цIалулей ясги.

- Гьейги йиго кутакай патриот, - абун гьимана Фируза. - Дица гьелда гьитIингоялдаса малъана гIагараб ракь бокьизе кколилан: ниж цадахъ ралагьулаан советиял мультфильмазухъги КIудияб ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ фильмазухъги. Нилъер лъималазда гIагараб ракьалъул тарих лъазе ккола ва жидаго халкъалъул бахIарчилъиялдаса чIухIизеги лъазе ккола.

Фируза ГIабдурахIмановалъул буго кIиго тIадегIанаб лъай – гьелъ лъугIизабуна ДГУялъул юридическияб факультетги Россиялъул МВДялъул Краснодаралъул университетги. Гьелъие щвана: Карамахиялъул лъугьа-бахъиназдаса хадуб «За охрану общественного порядка» абураб медаль; «За безупречную службу» абураб, кIиабилебги лъабабилебги степеналъул медалал; «Отличник милиции» абураб значок ва Россиялъул Президент Владимир Путинил рахъалдасан «За мужество» абураб, цIарги тIад хъвараб сагIат.

***Жеги цоги шапакъаталъе йикьизаюн йиго Фируза ва божула гьеб гьелъие щвезе букIиналда. ЦIиял бергьенлъаби, гIемерал шапакъатал ва божарал гьалмагъзаби дуе, Фируза!***

**Айбала АЛИЕВА**



РакI гIатIидай, гIамал рекъарай, бакъназул дунялалда гIумру гьабулей, рекIел киналго пардавал гьелъие рагьарай ва аваданай гIадан йиго Зарифа ГIабдуллаева.
Гьей гIуна Буйнакскалъул педучилищеялъул математикаялъул ва географиялъул мугIалимзабазул берцинаб хъизаналда.
Рокъоса кидаго камулароан классикиял бакънал.
Доб заманалда Буйнакск букIана интеллигенция жаниб гIемераб ва гьелдаса кутакалда чIухIараб шагьар. Шагьаралъул хIалхьиялъул ахикь камулароан бакъназулги поэзиялъулги вечерал. Буйнакскалъул гIолилазул рес букIана творчествоялъул рахъ церетIезабизе. Зарифалги киданиги ракIбухIичIо бакъназулаб нух гIумруялъего тIаса бищунилан. Бакъназ рохелги, къуватги, гъираги кьолеб букIана гьелъие.



# Зарифал бакъназул расен

**НУХ …**

– Буйнакскалъул музыкалияб школаги лъугIизабун, дун цIализе лъугьана МахIачхъалаялъул музыкалияб училищеялде, - ян бицана Зарифа АхIмадовнаялъ. Гьений дир мугIалимлъун йикIана, Дагъистаналъул пианистазул ва композиторазул школалъе кьучI лъурав Готфрид ХIасановасул цIалдохъан, Луара Хизроевна МухIамадова. Гьелда цее цIалулаго дица байбихьана гьенийго дирижёразул классалда концертмейстерлъун хIалтIизе. Гьеб тохлъукьегоги ккун букIун батиларо…

Музыкалияб рахъ цебетIезабулаго ккана Москваялде, Гнесиназул цIаралда бугеб институталде ва гьениб гъваридаб лъайги лъикIаб хIалбихьиги щвана. Музеял, театрал, дунялалдаго машгьурал музыкантазул концертал ва гьединго лъикIал музыкантал - мугIалимзабазулгун лъай-хъвайги бухьенги букIана махщел камиллъиялъе батулеб кумеклъун.

- Гъираялъ куркьбал гьейдай дир гьеб букIараб? – илан гьикъана Зарифа АхIмадовнаялъ, - гуро, гьеб букIине ккола профессионалияб махшел камиллъизабизе къваригIин, гьелде гъорлъе гъваридго ккезе бокьи. Гьеб абуни буго сундего данде кквезе бажарулареб асар! Нижер цониги вукIинчIо хъулухъ щвезе гIолон цIалулев чи. Киназго бокьулеб иш гьабулеб букIана ракI-ракIалъ, рагIа-ракьанде щун камиллъизабулеб букIана махщел.

**ДИРИЖЁРАЛЪУЛ ИШАЛДА**

– Вузги лъугIизабун Дагъистаналде ячIиндал, дун ккана Дагфилармониялда хIалтIизе. Доб заманалда гьенибги хIалтIулеб букIана лъикIаб, профессионалияб коллектив. Музыкалияб лекториялда дида цадахъ рукIана хIалбихьи щварал артистал ва гьездаса дие гIемераб кумекги ккана. Ниж хIалтIулел рукIана цIиял программабазда тIад, лъай-хъвай кколаан дагъистаналъул композиторазулгун, гьезул бакънал рагIизарулаан цохIо Дагъистаналда гуребги, гьеб бахун къватIирги. Хъвалаан гьел бакънал Дагъистаналъул радиоялъул фондалъе. Гьоркьоблъиги коллективалда букIана хинаб.

1988 соналъ филармониялда камернияб оркестр гIуцIи букIана Дагъистаналъего кIвар бугеб ишлъун. Дунги кIудияб гъираялда жуяна гьеб коллективалде гьоркьое. Дица гьенир оркестралда бакънал рачунаан роялалда ва клавесиналда нахъа, цее яхъунаан солисткалъун. Гьанже абуни, гьале, пульталда нахъа йиго.

## ХЪИЗАН - БУГО ХЪИЗАН

**АнцIила щуго гIанасеб сон ун буго тIоцебе Зарифа ГIабдуллаевалъ дирижёралъул гIучI кодобе босаралдаса. Дица абуни гьелда гьикъана батIияб жоялъул хIакъалъулъ: кинин кIиго гьедигIан цоцазда рельльараб рухI цоцазда батараб абун. Гьей лъугьана ургъизе, жавабалъе рагIаби ралагьизе:**

– Нижер рокьул бальголъи дица дуе рагьиларо. Станислав Хржановский вукIана Дагъфилармониялъул камернияб оркестралъул тIоцевесев нухмалъулевлъун. Гьев рикIкIунаан тIадегIанаб гьунаралъул профессионаллъун. Гьелдаго цадахъ гьесул букIана энциклопедиялъулаб лъайги. Гьединав чиясда аскIоб киназего лъикIги букIана – цадахъ хIалтIулезеги, цIалдолезеги. Ниж гIемер хIалтIулаан цадахъ, рукIунаан хабаралда, ккolaан бахIсалги. Ахиралда нижеда бичIчIана цоцазе чара гьечIеллъун рукIинги.

Цо нухалда росас дида абуна: «Пульталда нахъе лъугьа, гьеб духъа бажаризе бегьула», -ян. Дун гьеб мехалда елъана – руччабазул иш гурин гьебилан кколаан дида ракIалде. Гьанжеги буго гьебго пикру. Амма гIумруялъ тIамуна. Бигьагоги дие гьеб букIинчIо, къезабизе ккана дирго хасият. Гьанже абуни дир ракI хадуб хвараб жолъун буго цохIо роялалда нахъа бакънал къанагIат гурони рачунел гьечIолъи!

## РОКЪОР ГЬОБОЛЛЪУХЪ ГIАДИН…

Баянаб букIахъе, гIемерал сонал руго Дагъистаналъул филармония репетициязе жиндирго залги рекъон кколел шартIалги гьечIого хутIаралдаса. Дица гIажаиблъи гьабула, киндай филармониялъухъа хIалтIи «гьоболлъухъ гIадин» гьабизе бажарулеб абун. Гьелъул хIаракатчилъи республикаялъул культурияб гIумруялъул аслулъунги букIунелъулха. Гьеб коллективалъул кIудияб хIалтIи бихьизабиялъе цо гьитIинабго бутIа рехсаниги гIела. Гьел ккола: лъайкьеялъул программаби, лъималазул абонементал, Регионалияб музыкалияб фестиваль «Нижер анищал», нильер заманалъул бакъназул «Творчествабазул рикьалаби» абураб, гIемерал регионаздаса композиторалги музыканталги гIахьаллъулеб форум. Гьезде тIадеги, машгьураб «Порт – Петровскиялъул ассамблеяби» лъугьун буго гьанже мугIрузул улкаялъул визиткалъун. Гьелъул хIакъалъулъ батIаго бицине бегьула.

– 90 абилел соназда Чачаналда ккарал лъугьа-бахъиназда бан, улкаялда бищунго кIвар бугеллъун кколел культураялъул гIуцIиял – Росконцерт ва Союзконцерт къазе ккана, - ян бицана Зарифа АхIмадовналъ. – Гьединго гIемерал шагьаразда къана филармониялги. Нилъер гьаниб абуни кIудияб хIалтIи гьабуна нижер коллектив цIуниялъеги гьелъул хIалтIуе шартIал рукIинариялъеги. Гьелъул хIасиллъун ккана дагъистаниял культураялдаса тIезе течIого кквезе кIвей.

Дица доб мехалдаги сезоналъ чанго концерт хIадурулаан. Гьединабго хIаракатчилъи цадахъ хIалтIулезулги букIунаан. Чангияца гьанжеги ракIалде щвезарула доб заманаялъ нижеца кьурал лъикIал концертал. Гьелъ рохизеги гьарула. Божизе бокьун буго Дагъистаналъул филармониялъе рукъ щвезе букIиналда ва нижер коллективалъул хIалтIуе шартIал чIезаризе рукIиналда.

**Дица Зарифада гьикъана, кинав гIенекулевин музыкантазе вокьулев абун. Гьелъ ракIалде щвезабуна жиндирго ккараб цо лъугьа-бахъин.**

– Дица концерт кьолеб букIана шагьаралъул гьитIинабго клубалда. Басрияб пианино ва кьер хварал пардавал ругоан гьенир. Концерт байбихьизе заман щолелъул, дида йихьана зал бакIарулей херай гIадан. Концерталда тIоцебесеб кьерда гIодойчIун гьей йихьидалги, гIажаиблъи гьабуна дица. Концерт лъугIидал дида аскIоеги ячIун: «Дир яс, дуца рачунел бакъназул дида щибго бичIчIуларо, амма дир ракIалъе гьез цIакъ асар гьабуна», - ян абуна гьелъ. Гьеле гьединал рокьула артистазе гIенеккулел ва гьеб буго нижер ишалъулъ аслияб жоги.

ЦIидасанги бицинин камерниияб оркестралъул репертуаралъул. Гьелъул профессионализмалъе лъикIаб къимат кьола гастролазде гьанире рачIарал музыкантаз.

– Гьелъул репертуар гIезегIанго гIатIидаб буго. Бароккол заманалъул бакънал, классицизм, гIурусазул композиторазул асарал, нильер заманалъул академичеськияль бакънал ва гьездаго цадахъ дагъистаниял композиторазулги. Коллективалъул профессионализм борхула дурусаб ва щибаб къойилаб хIалтIи букIиналъ. Гьелъие абуни тIадчIей гьабизе ккола, тIалабчилъи гьечIони рагIа-ракьанде щун хIадурлъиги лъугьунаро.



БукӀуна чанги ракӀ хвезабизе ва ягъизе ккараб мехги. ЗахӀматаб жо буго музыкалияб «материал» хӀадури. Филармониялъул оркестр букӀине ккола кидаго ва кибего хӀадураблъун, цохӀо репетициягун ва ахӀун вачӀарав солистгун цебе бахъунеблъун. Гьалбадерица абулеб бугони: «Нижее бокьилаан цоги нухалъ нужеда цадахъ хӀалтӀизе», - ян, гьелдаса кӀудияб рецц нижее гьечӀо!

**Дица гьелда гьикъана, аркестр республикаялъул телевидениялдасан бихьизабулебищилан. Зарифа АхӀмадовнаялъ абуна каналалда гӀемер бихьизабулила «Порт-Петровск ассамбляялъул» концертаздаса видеоял.**

– РГВКялъулгун нижер кутакаб гьира буго цадахъ рекъон хӀалтӀизе. Бегьилаан нижеца цадахъал передачаби хӀадуризеги ва гьел республикалдаса рикӀкӀада ругел дагъистаниязе рихьизарулеб къагӀида букӀинабизеги. Амма, кигӀанго бокьаниги, техникияб кумек гьединаб хӀалтӀиялъе гӀолеб гьечӀо. Мисалалъе, кибха гьабизе бегьилеб нижеца оркестралъул лъикӀаб запись?

**БАКЪНАЗДЕ РОКЬИ БИЖИЗАБИЯЛЪЕ…**

Нижеца гара-чӀвари гьабуна МахӀачхъалаялъул музыкалияб училищеялда. Филармониялда кигӀанго гӀемераб хӀалтӀи букӀаниги, Зарифа АхӀмадовнаялъ гьениб гӀолохъанал музыкантазе бикьулеб буго жиндирго гьунарги лъайги. Дида ракӀалде ккун букӀана гӀемерал студентал гьенире ракӀарулел ратиларилан. Амма мекъи ккун ятана…

**– Гьунар бугел гӀолилал гӀемер ругищ нилъер? – абун дица гьикъидал, гьелъ гӀажаиблъи гьабуна:**

– Гьай – гьай! Пагьму-гьунар бугел лъимал нилъер гӀемерал руго! ГӀемераз анищалги гьарула профессионалиял оркестранталлъун, солисталлъун, кочӀохъабилъун рахъине. Нижецаги жигар бахъула гьел мурадалде щвеялъе. Бугелъулха нилъер республикаялдаги гьединал кадразул хӀажалъи. Оркестразул артистал, школазул педагогал гӀолел гьечӀо.

Училищеялда руго, захӀматалда барахщичӀого, жидер бажари-гьунаралда рекъон, гӀолилазе лъайги хӀалбихьиги кьолел педагогал. Гьез лъикӀ цӀунун руго дагъистаналъул бакъназул школалъе хасиятал рахъал.

Музыкант, дирижёр, педагог, Зарифал хӀалтӀул къо хӀалуцараб бугоан.

**– Кидаха дуе хӀухьбахъизе щолеб?**

– Дун гьелъул ургъелго гьабичӀого хӀалтӀула. Бокьула классика цӀализе, Кафка, Стриндберг…

**– Батани, мун эстет рагӀулаха! – ян гьимана дун.**

– Гуро, амма щивас тӀаса бищула жиндирго жанисеб дунялалда данде кколеб литература. Гьеб буго щивасул жиндие хасиятаб, гьелъ кьола пикруялъе ва гӀакълуялъе рухӀ. Бокьула отпуск гьогьомаб ва гӀадамал дагьаб бакӀалда тӀамизе.

Кинабха гьеб бугеб Зарифа ГӀабдуллаевалъул дунял? Гьелда гьеб жеги батунго гьечӀилан ккола...

…. Гьабулеб данде билълъаги, хивалал ритӀаги…

**ГӀАЙШАТ ТАЖУДИНОВА**





# Таса лъугьа, эбел...

Эбелалъул хабада Арсенида магIу кквезе кIолеб букIинчIо. Гьеб гьесул гIанабаздасан бахараб магжилъе чваххулеб букIана. Арсен кIовокIулев вукIана эбел камиялъул къварилъиялъулги гьелда цеве гIайибалъе кватIараб мукIурлъиялъулги асаралъ. Ва кигIан гIоданиги дагьлъулеб букIинчIо рекIел къварилъи. ТIубараб къо ана гьесул хабада тIад гIодовги чIчIун. Зонода лъураб, паспорталдаса бахъараб (цогидабги батичIого) сураталдасан гьесухъ урхъун ралагьун рукIана, моцIги бащдалъ цее хварай эбелалъул хIалимал берал. Арсен вук1инч1о эбел холелъул аск1ов...

Гьей ана кутакалда гьесда ракIги хун, амма киданиги гьесда унтулеб бадибчIваялъул рагIиги абичIого. Гьелъие цIакъго захIматал къоязги гьесда батулеб букIинчIо эбелалда аскIов чIезе заман. Гьелъ абуни хвелалде цебе киналъулго пикру ва ургъел гьабуна, хIатта баркала лъаларев васасул намус, кватIун букIаниги, борчIизе бегьиялъулги. Гьедин эбелалъ хвалда цебе хъван батана кагъат, жиндие Арсенги гьесул хъизанги кигIанги хириял ругин ва гьезда ракI хвараб жоги щибго гьечIилан. Гьеб кагъат, эбелалъул гьариялда рекъон, Арсенихъе кьуна гьелъул гьалмагъ Зояца, амма гьесда кIалъазе гьелъиеги бокьичIо.

…Эбелалъул ракIалдаго гьечIеб хвелалда бан, Арсенилъ кинабго циндаго хисана, гьесулъ цIидасан раккана ахирал соназда рукIинчIел пикрабиги, кунчIана бичIчIиги. Гьесда якъинго бичIчIана эбелалда цебе ккараб жиндирго гIайиб. Макьидаса ворчIун вачIарав гIадин лъугьана гьев.

Эбел хваралдаса моцI индалги Арсенихъа кинго бажарулеб

букIинчIо ракI гIодобе биччазабизе, гьев кIовокIулев вукIана кватIун кантIиялъ ва жиндирго гIайиб бичIчIиялъ.

… РакIалде бачIана лъимерлъи. Арсенил эмен хвана гьесие щуго сон бугеб мехалда. Эбелалъ бицун ва сураталда вихьун гурони эмен гьесда ракIалда вукIинчIо. Кього сонил ригьалда къороллъуда хутIарай эбел, тIокIай росасеги инчIого, васасе гIумруги бичун чIана. ХIинкъана бесдал инсуца Арсен къварид гьавиялдаса.

…Рос хвараб къоялдаса Аминатие Арсен вукIана берзул канлъилъун ва каранда ракIлъун. Школалда вацIцIадго ва лъикI ретIа-къан вукIунев Арсен, уборщицаялъул вас ватилин лъидаго ккоялароан. Васасе камураб жо теларилан, Аминат лъабго бакIалда хIалтIулаан ва жеги эркенаб заман бугони, цебе ккараб хIалтIи гIадамазе гьабизеги унаан. Арсение бокьараб щибго гьелъ гьабичIого толароан. ХIатта гьес гьелда щибго гьаризегицин ккоялароан, эбелалда лъалеб букIана Арсение бокьизе бегьулебгицин. Гьалмагъзабазухъа щиб букIаниги хIазе яги ретIине гьес босулеб бихьани, эбелалъ гьеб гьесиеги чIезабулаан, батулаан гIарацги вачунаан живго бищизе тукадеги.

Школалда умумузул собраниялде Аминатица гьалмагъ Зоя йитIулаан, жий тохго ретIа-къарай гIадан гьений йихьун, Арсен нечезавиларилан.

- Дуца кидалъизегIан дун школалде хьвадизайизе йигей, цогидай гIагарай гIадан ялагьичIого? – абун гьикъулаан Зояца гьелда.

- Гуро, хадусеб собраниялде дица босила диего ретIелги ва собраниялде дунго ина, - ян абулаан Аминатицаги.

- Кинха мун гьение иней лъабго бакIалдаги хIалтIун, тIаде жоялъе якIа-яхариги гьечIого? Мун дудего регIулей гьечIелъул, рокъосебги къватIисебги хIалтIудаса. Мунго дудаго гурхIичIони щив дуда гурхIилев, духъ ралагьизе хIинкъараб хIал буго: кьертIун, хIалакълъун, свакан… ЧIая, ракIалде щвана, дуца черолеб машина босанищ дуего? Яги жеги кверsuccessfully чурулейищ йигей?...

Арсенида ракIалде щвана доб мехалда эбелалъ берал батIияб рахъалде руссинаруаб куц. Гьесда лъалеб букIиндалха машина босизе бакIарараб гIарац кибе араблъи. Анкьица цебе эбелалда гордухъан вихьана Арсен, цадахъ цогидал лъималгун хирияб велосипедалда рекIине унев.

Арсениде ирга щведал велосипедалъул бетIергьанас гьеб нахъе бачун ана ва Арсен къваридго хутIана. Васасул къварилъахъдиги бихьун, эбелалъ хадусеб къоялъго гьесие цIияб велосипед босана, черолеб машина босизе нахъе лъураб гIарцухъ.

Школалда Арсен вукIана гьоркьохъев цIалдохъан. Амма Аминатица гьесие кколаан бищунго лъикIал репетиторал. Хадув цIализе вузалда лъуна ва гьенивги, гIарац бугони бокьараб суал бигьаго тIубалелъул, гьев курсалдаса курсалде цIалей йикIана эбел. ГIарац балагьизе абуни гьелъие бигьаго букIунароан.

ЛъугIизабуна Арсеница институтги, амма щвараб лъаялда рекъон хIалтIизе гьесие къабуллъичIо. Гьединлъидал эбелалъ, къарзалги гьарун, гьесие даран-базар гьабиялъе, ралел бакIазе материал бичулеб базаралда контейнер лъуна. Байбихьуда гьев гьираялда тIаделъунги вукIана ишалде, материал балагьулаан складазде хьвадунги Интернеталде ваккунги, цадахъго кIудияб партия босулаан. Гьеб гьираги кватIичIого свана Арсенил. РецIизе ккола къарзал рукIун, Аминат жийго яхъине ккана базаралда йичаризе. Кинабго жо жавабчилъиялда тIубазабизе бокьулей гьелъухъа байбихьуда даран лъикI лъугьунеб букIинчIо, хадуб абуни кинабго рекъон бачIана. КIиго соналдасан гьелъ жиндиего доб контейнер ва васасе лъикIаб машина босана. Цинги гьей лъугьана кIудияб рукъ босизе ва васасе лъади ячиналъул анищал гьаризе…

- Лъади ячиналде цин хIалтIизе лъугьинаве Арсен, виччай ругьунлъизе, - ян малъулеб букIана гьелда гьалмагъ Зояца. - Яги дуе гьесул лъадиги дурго габуралда яччизейищ бокьун бугеб? Арсен вуго пишагьечI, мун хIалтIулаго хвани, гьесда бетIербахъи гьабизе бажаризе гьечIо.

Аминат ургъулей йикIаго, цо къоялъ васас, гьелдаги щибго абичIого, рокъое ячун ячIана гIолилай ва лъазабуна жинца гьей ячуней йигилан.

Аминатие бачIинахъего къабуллъичIо йикIинесей нусалъул рагъаракариги, гогьдариги, чIухIараб хабарги, гIамал-хасиятги. Амма гьелъ кингIаги загьир гьабичIо жиндир разилъи гьечIолъи. Гьелда бихьулеб букIана Арсение гьей яс кутакалда хиралъун йикIин. Аминатил мурад букIана Арсен талихIавлъун вихьи. Гьеб букIана гьелъул гIумрудул мурадлъун. Гьей ургъана Диана васасе лъикIай лъадилъун лъугьинеги рес бугин, гьединлъидал лъикI къабулги гьаюна: тIагIамаб квен гьабуна, тIоцебесеб дандчIвай ракIалда хутIиялъе хирияб курхьен бана...

Ясги нухaрегIун Арсен рокъове вачIиндал, Аминатица гьесда абуна, абизе чагIи кватIичIого ритIизе бегьилин, бертинги хасалихъе гьабизе ракIалда кканин жиндаян.

- Хасалихъ балагьун ниж тIураларо, эбел, Диана лъимаде йиго, кIиго моцI унеб буго. Бертин кIварабгIан хехго гьабизе ккола. БачIунеб анкьалъ ина гьелъул эбел-инсухъе, - ян чIванкьотIун лъазабуна Арсеница, расги нечечIого.

ГIадатазда рекъон Дианаги абун, Аминат лъугьана гIатIидаб квартира балагьизе, гьелда бичIчIулеб букIана, лъабалго цадахъ ругони, нусалъе жиндир къваридаб квартираялда бакI гIезе гьечIеблъи. Гьединлъидал бичана эбелалъухъа ирсалъе щвараб кIиго рукъалъул квартираги ва, гьелъул багьаялде тIаде гIарацги лъун, лъикIаб, гIатIидаб квартира босана. Гьебги лъикI къачIана ва васасул хъизаналда цадахъ аваданаб гIумру гьабизе анищал гьарулей йикIана Аминат.

- ГIатIидаб квартиралда киназего бакI гIелеб батила, - ян абулаан гьелъ Зоядаги. – Гьаниб буго кIиго богорукъги, кIиго хIажатханаги, кIиго лоджияги, жеги лъабго рагьиги. Гьединлъидал ратIалъичIого тIуралин хьул бугоха. Дица диего гьитIинабго рукъ ккун буго, гьебги

доба бокІнилъ бугеб. ЦохІо кванде руссиндал гурони дун гьезда йихьизеги ятиларо.

Аминатил гьел лъикІал хьулал цо лахІзаталда жанирго хІорлъана, цо къоялъ хІалтІудаса дагьай хехго щведал, васасулги йикІинесей нусалъулги хабар тохлъукьего рагІун. Арсен гьеб къоялъ вачІун вукІана цІияб квартира бихьизе. БачІинахъе Аминатида бичІчІичІо гьез бицунеб букІараб жо. Щайдай Диана гьедин йиха-хочун йигей? Хадуй гьей лъикІ гІенеккана…

- Щай дур эбелалъе букІараб гьадин кІудияб квартира босизе? Лъаларищ? Лъалеб батичІони дица абила! Гьелъие бокьун буго гІумруялъго нилъ жиндир берзукьги тІалабалъукьги кквезе ва жиндие бокьухъе хьвадизаризе. Дие бокьун гьечІо общежитиялда гІумру гьабизе, евроремот гьабураб гьаб бугониги. Гьеб бичІчІизабе эбелалда.

Арсен хІикмалъизавуна абуралъул хабаралъ: «Эбел йиго рахІатай, хІеренай гІадан, гьей нилъеда гьоркьоеги лъугьине гьечІо, зaралги гьелъул кинабгІаги букІунаро. ГІумруялъ кІиго-лъабго сменалдаги хІалтІун гьаб кинабго буголъи гьелъ данде гьабуна. Щай гьей гьанже васасда цадахъ йикІине бегьуларей? Яги щуго рокъоб нилъее къварилъийищ букІине бугеб?» Амма Дианада гьев вичІчІичІо ва жий дуе ячІине разилъи хІалакун ккун бугилан бичІчІизабуна.

Аминатица лъазе течІо жинда гьезул хабар рагІараблъи. Чанго къоялдасан гьелъ гьадинго гІадин васасда абуна жиндие батІаго йикІине бокьилаанила, хадуй цІакъго херлъидал гьезда аскІоеги яхъизе бегьилилан.

- Щай эбел? – илан щибго бичІчІуларого лъугьана Арсен. – Дуе бокьун букІанагури нижеда цадахъ йикІине, гьениб рукъги бищун букІана дуего.

- Бокьун букІанаха, хадуйги ургъана: дихъе рачІуна гьалмагъзабиги, цере рукІарал мадугьалзабиги, гьезда заманалда рачІинеги инеги лъаларо. Нуж гІолохъанал руго ва нужго рукІине бокьила нужее.

- Гьелъие гурищха нилъер гІатІидаб квартираги бугеб, эбел? Щиб квал-квал дур гьалбадерил нижее букІинеб, - абун, эбелалъе ккараб жо лъаларого хутІана Арсен. Амма Аминатица гьесул абуралъе бокьухъе ккезабуна.

Гьалмагъалдаса гьеб хабар рагІидал, Зоя гьесун йикІана Арсенихъе ун хъачІго кІалъазе: жиндирго тІасан ккарай абурай чІезавизе тІамизе ккола гьев… Аминатица йиччачІо гьей.

- Щай гьезул гьоркьоблъи хвезабилеб, Зоя? Арсение гьей яс йокьулей йиго. Дирги мурад буго гьезул гІумру талихІаблъун букІин, дун сабаблъун гьезда гьоркьоб хабар ккезе бокьиларо дие. Дунго йикІина. Щиб лъалеб, лъимаде йикІиналъ батизе бегьула Дианал рокьукълъи дидехун ва хадуб гьеб ине бегьула.

- КІалги къан чІчІезе лъалейаниха гьелда, жиндирго чехьгун, гІемераб жо тІаде босичІого. Гьей йоххун йикІине ккола хІурматалда росасе ине щвеялдаса. Цере гьединал суризарулаан, дуца абуни гьей бриллиантаз къачІана. Гьанже бихьуларищ, дурго квартиралда жаниб гьелъ дуе бакІ тезехъин гьечІо. Квен рихинчІого гІадамал рихун рихьула лъимаде йикІун гавуралда. Дур бакІалда йикІун дица гьей жиндир бакІалда чІезайилаан ва васасда бичІчІизабилаан гьелъул дуда аскІоб букІине кколеб гІаданлъи. ГьедигІанго гІадалай мун йикІин дида лъалеб букІинчІо!

ЛъикІаб бертинги гьабун тІовитІана Аминатица вас жиндирго гІумруялде. Гьелъ нусалъе босараб месед-гІарацги ретІел-хьитги кинабго къабуллъана, хІатта Дианал бечедаб гІагарлъиялъегицин.

Гьединлъидал Аминатида ракІалда кколеб букІана нусалъулгун гьоркьоблъи лъикІлъизе бегьулилан, амма бихьулеб букІана гьеб къойидаса – къойиде цІоролеб букІин ва Дианае гьуинлъи къваригІун гьечІеблъи.

БатІаго гІумру гьабулел рукІаниги, лъугІулеб букІинчІо нусалъул гогьдари. Бертин гьабун моцІ иналдего гьей лъугьана росасул эбелалъулгун цадахъаб бизнес букІине бегьиларилан, гьелъухъа бажарана эбелалъ гьев жиндирго рахсидаса ворчІизе виччалев гьечІилан Арсен божизавизе. КІудияв гІурав чи эбелалъул нухмалъиялда вукІине бегьуларилан лъугьана лъади, жий нечолей йигила росасул жиндирго иш гьечІилан гІадамазда абизе.

- Щибха дуе къваригІун бугеб, - абун щибго бичІчІуларого вукІана байбихьуда Арсен. – Цо дун гурони гьечІо эбелалъул. БатІалъи щиб лъида тІад гьеб буголъи хъваниги? Гьеб бикьизе лъугьиналъул гІицІго цо рекерахъдизе ккей гурони хайир гьечІо, эбелалда документалги лъикІ лъала, дун гьезда хадув жеги гъоларо.

ТІинкІулеб лъел къатІраялъ гамачІги борлъулин абухъе, ахиркъадги Арсеница эбелалда гьарана жиндир бизнес батІа гьабеян.

Аминат гьелда гІажаиблъана: щай циндаго васасе гьеб хІажалъараб? Хадуй кантІана: гьеб буго Дианал иш.

- Щибдай дир васасда гьадай гІамал кІудияй ясалъул берцин бихьараб? – абун ургъулей йикІунаан мех-мехалда Аминат. – ЦохІо дир адаб гьабунгутІи гуребги, гІемерал гІунгутІабиги рихьулел рукІана гьелъул. Гьей росасе ине гІунги йикІун гьечІо, я рукъ бачине лъалеб гьечІо, я квен гьабизе лъалеб гьечІо, хІатта ракІа-рахарицин гьечІо. Гьабулеб гьечІо гьелъ хІурматги, биччалеб буго хъачІлъиги, гьебги цохІо дидехун гуреб, росасдехунги. Бокьараб мехалда, гІадамал ругеб бакІалдаги гьесде гьаракь борхун кІалъазеги нахъе къалей гьечІо. Аминатица малъа-хъваял гьаруни, нус гьелде данде яхъуней ва ахІдезе лъугьуней йиго. Щиб жо якьадалъ абуниги, гьелда квеш букІунаан, гІарзахъдулаан росасде, мацІал гьарулаан Аминатидасан. Аминат абуни кинабго бизнес васасда тІад хъваниги, гьесие кумекалъе яхъун чІун йикІана, хІалтІи гІодоб течІого чІаголъи гьабулаан ва гьелъухъ щибниги тІалабги гьабулароан. Аминатица абулаан жиндие пенсияги гІолилан.

*(Хадусеб букІине буго...)*

**Эльмира ИБРАГИМОВА**

# Суалал, суалал, нахъеги суалал…

**ПатIимат** – Яхъарайищ, Раисат. Мунги лъадаейищ? Их бачIунилан хинлъиго чIвалеб гьечIо гури… ГIадада абулеб батиларо ихдал къо – къоролалъул ракIилан…ГIажаибаб цо бакIлъи буго рекIеда…

**Раисат** – Ихдал къоялдаги къадарав бихьичиясдаги божизе бегьуларилан йикIунаан дир эбел...

**ПатIимат** – Рагъул заманги гуро, росулъа магIирукъ лъугIараб къоги гьечIо. Багьа-багьана батун гIолохъаби холеб гьаб щиб заманадай, яц? Инфарктила цоял, инсультила цоял, тромбила цогидал… гьаб цо капурго хваяб онкологияги гIемерлъун бугеб куц…Херлъун чи хвани рохизе кколеб гIадаб заман бачIун буго…

**Раисат** – БитIарабха, ПатIимат, жакъаги росулъ баракаталъе хутIунго вукIарав рагъул гIахьалчи ГIумарил МухIамад къадаралде щванила, хоб бухъизе рахъайилан гIакIа букIана радалго ахIулеб?

**ПатIимат** – Вуйгь! Мунагьал чурад! РагIичIоха, яц, Алжан кьун вохаяв, иманалда тIовитIун ватаяв, гIолохъанчи вукIинчIониги, цIакъ хадуб ракI хвана… Исана рагъ лъугIун 75 сон баялде цогIаги рагъул ветеран росулъ вугилан, эсдаса рохун гурищ нилъ рукIарал. Сайгъат-саламгун баркизе ине ругилан администрациялъул чагIиги рукIана… Аллагьасул хIукму гьединаб букIун бугоха…

**Раисат** – Кверкьовудаса кваназе чагIи рачIанийилан, хьагги цIеде бахинабун, цо гьаб гIеретI цIезе йилъун йикIана дунги. ГодекIанги чIобого бихьула. Гьединго, жиде-жидер ишазда, цоял магIирокъор, цогиял боцIи-панзалда ратиларищха ал нилъер руччаби.

**Умакусун** – *(доясан ячIинаго)* Дунгиха жеги магIирокъое инчIей, ГIарипилай анадай? (аскIое щвейгун) Цо реччел лъелги рокъоб батичIого, екеризе ккана, гIедегIун холаго. Нуж рахъаралищ?

**Раисат** – Лъаларо валлагь. Рахъана нижги. КъватIиехун гьей яккичIоха, ниж гьанир ругелгIан заманаялъ. НекIого инеги ун юссунцин ятизе бегьула. Якке цо долъул азбаралъуе…

**Ясал** – ГIарипилай, ваааа ГIарипилай! Гьаб кьерхараб къо роцIцIине, цо къватIиегIаги якке, гохIай!

**ГIарипилай** – *(рокъосанго)* Дида зигараги базе жанире рачIа нужгооо…

**ПатIимат** – Гьалъ бицунеб щиб? Рилълъая…

**ГIарипилай** – Гьумер битIарав цинагIалин дир дов МухIамад вукIарав, мунагьал чурад, кутакалда лъикIав чи вукIана… Гьесда бихьичIеб жоги щиб хутIараб гьаб гIумруялда… Я Аллагь Алжаналъул агьлулъун ватагиха. Рагъул бицинеги цIакъ бокьулароан пакъирасе, магIил бералги цIун, мацIги бабадун, квеш лъугьунаан. ЦIакъ хIеренав, хIалимав, ракIтIеренав чи вукIана. Нилъеда цеве гIадин, Аллагьасда цевеги лъикIавлъун ватагийин.

**Ясал** – Гьанже нахъе ругезе гIумру кьегиха, ГIарипилай, иманалда тIовитIун ватаги. Валлагьги цIакъ ракI хвана…

**ПатIимат** – БитIараб бицани, ГIумарил МухIамад дур цинагIал вукIин дида лъалароан. Мун доя йикIун ятиларищха…

**ГIарипилай** – Цо хинаб жо ретIинеян рокъое щун йикIана, нолъалдаса нахъего доя йикIана... Валлагь ракI гурхIана… Гьеб рагъул кьогIлъи бихьарал чагIазда цIакъ ракI гурхIула дир. Чан гIолохъанчи гьеб рагъда чIварав, чан араб бакI лъачIого тIагIарав, чан эбел гIумруялъ инагьдилей хутIарай, чан лъимада инсул гьумер бихьичIеб, чан бахIаравги чIван яги цо бугеб лъимерги каранде къан гIолохъанал руччаби хутIарал… Гьезда бихьанщинаб гIакъубаги, къварилъиги, ракъиги, къечги... бицун пайда гьечIо. Гьанже гIолеб гIелалда гьеб бичIчIуларо…Бихьун бичIчIизеги хъван батугеги.

КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIун 40 сон тIубаялде, хъван букIана ясал дица гьаб кечI. Дун йикIана анлъабилеб классалда йигей цIалдохъан. Районалъул газеталдагицин бахъун букIана.

* * *

*ЧIегIераб кверлъиналъ*
*бетIерги бухьун,*
*Нур сварал берazда цебе кверги ккун,*
*Радал-бакъанида свин*
*гьечIеб хьулгун,*
*Мун ялагьун йиго вас араб нухде.*
*Сородулел кверал,*
*шуршулел кIутIби,*
*Щибали бицунеб буго дур ракIалъ.*
*РагIичIонаниги лъалеб жо буго,*
*Васасул цIар буго дуца ахIулеб.*
*Вас чIванин бачIараб*
*чIегIераб кагъат*
*Басрияб чIартида къан буго цIунун,*
*Мех-мехалъ гьеб бичун*
*тIаде ялагьун*
*ТIола дуца магIу, угьула хIухьел.*
*Солдатасул эбел, воре гIодуге,*
*Дур вас гIадатияб куцалда хвечIо,*
*Халкъалъе эркенлъи*
*щвезе гIололъун*
*Дур вас барахщичIо рухIгин биялда.*
*Мун гучай, чIухIарай йикIа кидаго,*
*Халкъалъ дуе васлъи гьабизе буго…*



Щибха дида, лъимада, лъалеб букIараб рагъул бухIиялдаги, кьогIлъиялдаги, камиялдаги цадахъ хьибилккун ялгъузлъиги чиякълъиги букIунеблъи. Санал ингун бичIчIана рагъул къварилъиялъул гIорхъи гьечIолъи…

* * *

*Гьал мухъал хъварай дун лъимер йикIана,*
*Лъалеб букIун гьечIо дида доб мехалъ*
*Дой магIарулалъул бухIи, я ахIи...*

*ХисичIо халкъалъ вас, хвана ялгъузго,*
*НуцIил кIалтIа лъурал, къанщана берал,*
*ЛъачIо лъиданиги гьай цIорорайлъи*
*ЦIорораб хасалил халатаб сардилъ.*

*Росдал гIолохъабаз босана мали,*
*Бихьиназ киридахъ хвана тIаде ракь,*
*Ракьул гохIда цеве, жамагIат индал,*
*Эбелин гIодизе хутIичIо инсан.*

*(Ясал синкъиялда гIодилел)*

**ПатIимат** – Вааай, эбелалъул ракI… эбелалъул ракI…

**Умакусун** – (*гIодилаго*) Хириял нилъер умумузда бихьичIеб, гьез хIехьечIеб къварилъи щиб хутIараб? Цебе чIезабизецин захIмат буго. Гьанже гьединаб жо тIаде бачIани, тIоцебесеб кьоялъго хвела киналго…

**Раисат** – Инсуца бицунаан, багIаргьоло белъунеб бугилан, гIурул ханалги хьагире ран, ракъиялъ гIодун, свакан лъимал кьижун ккезегIан, цIеда лъун букIунаанила хьагилан. Цебе чIезабеха гьей эбелалъул ракI... Гьанже лъимал кваналел гьечIилан унти ккун рукIуна нилъ.

**ПатIимат** – Дир эбелалъ бицунаан, ракъарал лъималги кIодоэбелазда аскIор тун, росал рагъде арал руччабиги, окопал рухъулелги, колхозалъул хIалтIаби гьарулелги, кираялъ унги, цо сахаб къо бихьичIила руччабаздагийилан.

**Умакусун** – Вай пакъирзаби кIудабиги, я лъималазе кьезе квен гурел, я цIа бакизе рес гурел, я гьабун бажарулеб жо гьечIеб, кигIан рес кIотIун, къо бухIундай рукIунел рукIарал…

**ГIарипилай** – Гьеле гьедин рес къотIун, къо бухIун лъугьуна дун, гьаб телевизоралдасан щибалиго хIукуматалъ - жидеца бергьенлъи босанила, киналиго хIукуматалъ - жидер рагъухъабазул бахIарчилъиялъ хвасар гьарунила концлагераздаса гIадамалилан, Совет хIукуматги, нилъер солдаталги доре гьанире къазаризе байбихьараб мехалъ. Гьезие рарал памятниказ рахIат толарого, гьелгун рагъулел чагIиги камулел гьечIо къо бахъанагIан. ГIай нужее нагIана батаял, рагъда нилъее кумек къваригIараб мехалъ, кьанди рачIги къазабун, бахчун букIанщинаб бахIриги гьелъул тIинчI-къедги буго гьанже хIаптдезе къватIибе бахъун. Аллагьас гьабегиха… Аллагьасде аманат.

**Раисат** – БитIарабха. ТIехьги кодобе босичIел, телефоназде къулун букIунеб гIелалдаги уяб жойилан ккеларищ добасан бицанщинаб? Вааай вай, бугеб хIабургъараб замана бачIун.

**Умакусун** – ХвезегIан хутIани щибдай бихьилеб…

**ГIарипилай**

*– ТIогьол байдабазда бакъул нур гIадаб,*
*ГIумру берцинлъараб ВатIан буго дир,*
*ГIадамазул ракIал, рекIел анищал*
*Ракълиде руссараб улка буго дир...,*

- илан ахIулаан школалъул киналго данделъабазда, дицаги дир кьерилазги, кучIдул, гьел куплетаз гъолаан рекIелъ цIа, кьолаан рухI, бижизабулаан ВатIаналде рокьи. Жакъа Ленинил Сталинил биценго гьечIо, нилъер цIар рагIарал революционерал: МахIач ДахIадаев, Муслим Атаев, Уллубий Буйнахъскийцин кIочон тун руго. Нилъер гIун бачIунеб гIел щалги мисалалъе рачунха нилъеца куцалеб бугеб? Кин бижизабилеб ВатIаналде рокьи? "ТIогьол байдабазда бакъул нур гIадаб, гIумру берцинлъараб ВатIан буго", - ян ахIани, гьебги гьереси ккезехъин буго. Суалал, суалал, нахъеги суалал…

**Хъвана**
**Баху МУХIИДИНОВАЛЪ**







# ДАГІБА-РАГІИ РОКЪОБ ТЕ...

**2017 соналъул 27 маялъ хъизаналда гьоркьоб кьабгIей уголовнияб такъсирлъун рикIкIунарин абураб Закон гIумруялде бахъана. Гьединаб хиса-баси гьабуна Россиялул Уголовнияб Кодексалъул 116 статьяялда. Законалда рекъон «кьабгIей» абураб рагIиялъул магIнаги кколеб рагIула, черхалда унтуледухъ амма жагъаллъулареб хIалалъ кьаби.**

Пачалихъалъул Думаялда ва тIолабго Россиялда батIи-батIияб бербалагьи букIана РФялъул УКаялда гьединаб хиса-баси гьабиялде. РукIана, щибго бекуларедухъ, больницаялде ккеларедухъ кьабизе бегьулин абулелги. Гьединго рукIана, гьеб законалъ хъизаналда гIадамал зулму-хIалалдаса цIунизе ругилан рикIкIунелги. Гьанже лъадуде, лъималазде, эбел-инсуде квер борхаразе гьабула административияб тамихI – гIакIа лъола, 15 сордо-къоялъ туснахъ гьаризе бегьула. Гьебго жо такрарлъани уголовнияб жавабчилъиялдеги ккола. Статистикиял баяназда рекъон, гьеб Закон къабул гьабуралдаса, административиял законал хвезарулел гIемерлъун руго. Полициялде гIемер рачIунел руго хъизаналда зулму-хIал гьабулеб бугилан гIарзалгун, ва гьебго заманалда гIезегIаналъго дагьлъун руго, гьеб рахъалда гьарулел бакIал такъсиразул къадар.

Дун ургъулей йиго, гIемериселъ гIатазда ва шартIазда рекъон гIумру гьабулеб Дагъистаналда гьеб Закон хIалтIизе бугодаян? Гьанир, гIадатлъун билъухъе, хъизаналъул бетIерлъун вукIуна эмен, рос, вац. Гьебги хъизан хьихьулев чи щив вугевалиги балагьичIого. Дица кидаго рахъ ккола чIужугIаданалъул сахлъиги, къадруги, ихтияралги цIунулел гIадатазул, ва къабул гьаруларо, руччабазул ихтиярал хвезарулел, эбелалъулги лъималазулги рахIат

цIунуларел, хъизаналъул берцинаб гIумруялъе квал-квалалъе ратулел гIадатал – тухумалъул кIудияс гьединаб хIукму гьабун бугониги.

Дун журналалде хIалтIизе ячIудасаго, чанго нухалъ рачIана редакциялде руччаби хъизаналда гьоркьоб бугеб рагIи данде ккунгутIи лъугIизабизе кумекилан. Росас чIужу юхулей йикIун, гьел рекъезаризе гьоркьоре ниж лъугьине ккарал хIужабиги рукIана. Лъаларо, битIунищ нижеца гьабураб – мекъийищали, амма кIиабилеб нухалъ гIарзалгун гьел нижехъе рачIинчIо. ГIемераб гIумру бихьарай Фазуца кьураб гIакълуялъухъ гIенеккун, гьелъул кумекалдалъун, гьоркьоблъиги гьесул гIемераб букIунароан, салам-калам гурони, хабарги гьабулароан. Гьезда тIадехун ругел мадугьалзабаз бицунаан, гьезул сардилъ цо-цо дагIба-рагIи, рагъ-мач букIунилан. Гьезул нижеда рагIулеб сасги букIинчIо, гьезде регIунги рукIунароан…

Нижеца мадугьал жание ячана, ракI гIодобе биччазабулеб дару кьуна… Рос лъугьун вукIана милициялде ахIизеян, амма ХIава разилъичIо… Гьелъ абуна, жиндир гIолей ясги йигила, лъиданиги гьеб хабар рагIизеги бокьун гьечIила, рагIани гIадлу гьечIеб хъизан бугилан абизеги бугила, рукъалъул дагIба-рагIи къватIиб рагIизе кколароян. вукIана инсул армиялда цадахъ вукIарав гьалмагъасул вас. Амма гьел тIаде-гъоркьеги щолароан, ниж цоцадаги рихьулароан. ХIалго лъалареб букIалде кьуна дун.

Рашидие дунги дие Рашидги рихьаралго рекIее гIечIо. Амма нижеда гьикъулеб жого букIинчIо. Дие инсуца гьабураб цо гьаракьги гIолаан. Рашидидаги инсуца лъазабун буго, жиндихъ гIенеккичIони, рокъоса къватIиве гъелин…

Щаялиго дир вакьадасда ракIалда ккун букIун буго бечедаб хъизаналдаса яс ячуней йигин жиндир васасеян. Гьев вукIун вуго ниж ресалда ругел чагIи ругилан ва хадуб гIемер бадибчIвана гьес дида, жив дир инсуца гукканилан.

*Россиялъул МВДялъул статистикиял баяназда рекъон, 40 гIан процент бакIал такъсиразул рос-лъадуда гьоркьор кколел руго ва щибаб 11 абилеб чIвай-хъвейги гьениб букIунеб буго. Руччабазухъа бажарулеб гьечIо росабазул вахIшилъиялдаса жалго цIунизе ва хъизаназда жанир кколел чIвай-хъвеязул 38 процент гьединазул буго.*




гIумру нухда бачине бажарун батилин ккола.

Амма цо-цо нухалъ батIайисаги кколаан:

Цо нухалъ, сардил заманаялъ, дунги росги гьоболлъухъа рокъоре рачIинел рукIана. ГьитIинаб лъимерги кодоб ккун дунги, машинаялда жаний кьижун ккарай ясги кодой ккун росги болъодухъа тIаде рахун рачIинел рукIана. Нижерго этажалде тIаде рахунаго дида бихьана нуцIида цебе бегараб цо жо. ЛъикIго канлъиги букIинчIого, дида гьеб нуцIида цебе бегараб гъоркьияб этажалдаса мадугьалалъул гьой бугилан ккана.

- Хехго нахъе бачахъе, - йилан абуна дица росасда. Росас тIадеги къулун, «гьай ХIава йиго», - йилан абуна.

ХIава нижер мадугьалзабазулункъо васазул бищун кIудиясе ячана чанго соналъ цее. Сабурай, гIодое йиччарай, калам дагьай… Гьеб хъизаналъул бетIер вукIана нижедаса кIудияв, мадугьалзабазулгун ХIавада ракIалда гьечIоан кидал росас тIоцебе гьелде квер борхараб, кида гьеб байбихьарабали.. Гьелъ хабар цIакъго жуба-гъубазабун бицунеб букIана, мех-мехалъ жийго цIунулей йигей гIадин, квераз гьумерги бахчулаго…

– Дун йикIана цIакъго тIурун чIарай яс, хIинкъулаан хIатта борхараб гьаркьидасацин. Гьеб букIине ккола эбел-эмен гIемер къацандулел ва дагIбадулел рукIиналда бараб жо. Гьезул ахIи-хIурги рагIун чанги мадугьалзабигицин рачIунаан. Амма гIицIго цо нухалъ бихьана дида инсуца эбелалда кьабулеб.. Эбел гьеб мехалда чIарбиде йортун ана…

Хадур рачIана эбелалъулги инсулги рахъалдасан гIагарлъи, гIемераб хабар бицине ккана гьел рекъезаризе. Амма, ратIалъичIого хутIаниги, эбел хвезегIан тIаса лъугьинчIо инсудаса.

Дида ракIалде ккола эбел хвезеги дир ургъалабаз хун ятилин. Инсуца валагьун вукIана дие рос. Рашид Дида абуни ракIалде ккола, инсуца рестораналда кванazавидал, гьеса жиндаго ккун батилин, ниж бечедал чагIи ругилан.

… Вакьад вуго рокъов киназдасаго согIав чи. БатIатIун рахъинеги гьес ниж толел гьечIо. Бертадаса хадуб гьес Рашид заочно цIализе лъугьинавуна ва хIалтIизе лъуна ГАИялда. Гьениб абуни хIалтIи кинаб букIунебали нужеда лъала. Рашидги байбихьуда тамахав вукIана, хадув эменго гIадав согIав чи лъугьана. ЦIализеги рес кьечIо дие.

«Гьале дуе рукъ, богорукъ, эбел-эмен, рос, гьесул яцал-вацал. Мун йиго нус. Дуда тIадаб буго гьаб рокъоб кинабго гIадлуялда букIинабизе», - абун лъазабуна дида якьадалъ ва тIаде ккана кинабго: бакIа-бахариги, чура-хулиги, квентIехги…

Хадур гьитIичалгун макьу гьечIел сардал, росасул ахIи-хIур, якьадалъул хъачIлъи... Дица хIалбихьулеб букIана эбелалде гIарзал рахъизе, гьелъги жаваб гьабуна,

гьединаб бугила нилъ руччабазул къисмат, хIехьезе кколилан.

«ДагIба-рагIи рокъоса къватIибе босуге, - абун лъазабуна дида эбелалъ, - ва якьадясалги какуге, росасе ун хадур гьелги мунго гIадин рукIуна. РакIалда бугищ, кин ниж рукIарал эменгун? ГIагарлъиялъ жеги бицуна нижер хIакъалъулъ».

Хасел гIагарлъулеб мехалда дица Рашидида абуна, берталъ къураб гIарацухъ, хинаб пальто босизе бокьун бугин диейилан.

- ТIокIаб бокьараб жого гьечIищ?! – ян абуна гьес. – Инсул рокъой йикIаго босизе кколаан пальто. Гьаниб дуца гIарац дир ихтияр гьечIого хвезабиларо!

Квеш цинги бахъун, гьеб бугин дие магьаридае лъураб гIарац ва бокьухъе хвезабизе ихтиярги бугилан абуна дица…

Бертин гьабун хадуб чанго моцIидаса ккараб гьеб хабаралъ ццин бахъарав гьес, дида кьабана…

Дагьаб къвакIараб хасият букIарабани, дун гьебго къоялъ нахъе унаан, къотIное ине кканиги. Амма, тIаса лъугьаян, тIокIалъ кьабиларилан росги гьедарана. Гьес байбихьана дие жиндирго хIакъалъулъ бицине ва дида ракIалде кканагьев вичIчIизе захIматав чи гьечIин, диде квер борхиги гьесул гьабизе жо лъангутIиялъ ккун бугилан. Хадусеб къоялъго цадахъ ун пальтоги босана... Эбелалъул рагIабиги ракIалде щун, дун тIаса лъугьана.

- Дир росасул анищ букIана прокурорлъун вахъине… Дие бокьун букIана тохтурлъун йикIине, хIатта больницалда санитаркалъунцин хIалтIана. БачIинахъего цIализе лъугьине гьесиеги диеги данде ккечIо. БукIинчIо нижер эбел-инсухъ гьединаб гIарац. Гьев лъугьана вечерниялде.

- КIваричIо, гьечIого гIелеб батила, - ян ракIалде ккана дида, - гьес лъугIила институт, батила лъикIаб хIалтIи, гьеб мехалда рес ккелеб батила дие, институталде гьечIониги, медучилищеялдегIаги лъугьине. Лъалеб букIарабаниха дида доб мехалда, цо нухалда хадуб кIиабилебги, лъабабилебги… букIинеблъи.

Къасисел дежурствабаздаса хадуб макьуги гIоларого, Рашидица дарсал гьоркьор риччана ва кьезе кIвечIо цо сессия, хадуб кIиабилебги... Инсуца унаан гьесухъа гIарац, гьединлъидал экзаменалгун зачетал «росизеги» рес букIинчIо. ЛъагIалидасан гьев институталдаса нахъе рехана. Хадув рос дагьавги квешлъана. Щиб гIилла батунги дунгун дагIбадизе лъугьунаан, лъималазде ахIдолаан...

Амма сабруялъеги букIуна ахир. Ахирисеб къатIралъун ккана росасул цояй яц, росас кинабалиго берцинлъизаюлеб жо босизе инкар гьабунилан гIиллаги батун, кIиго лъимерги бачун, рокъое ячIин.

Гьанже гьелъул бицун пайда щиб, - илан бетIер кIобокIана ХIаваца, лъикIалгурел ракIалдещвеял рачахъулей йигей гIадин.

- Гьединал жалазе гIологийищха ратIалъулел? – абун гIажаиблъана дун. – Лъималазул пикру гьабунищ дуца? Гьев квешав эменги вукIун гьечIо, дудехунги лъикIав вукIун вуго...

- ХIалбихье абе квешав вукIине, дица инсудеги Рашидидеги гIарз бахъани, гьез вижичIеванищан ккезабула досда…

- Дунгийищха гIарзалъ инсухъе иней? – абун борчIана дихъа гьениб.

- Мун щий? Дур эмен щив чи? – абун гьоркьое лъугьана якьад. – ГIарз гьабизе рагIула алъ! ХIал бихьея цо! Йоржинайилаха гьаниса къватIие! Лъималги кьеларо. ГIенеккея эмен! – абун ахIана гьелъ росасде, - балагье цо гьай нич гьечIалде, нилъее хIинкъаби кьолей…

- АскIовеги вачIун вакьадас дир гьурмалъ хъат бана. Хадурго рачIун якьадги якьадясги лъугьана дида тенкезе... Дун подъездалде кIанцIана, хадуй, мадугьалзабазда гIодилей йихьичIого йикIине, къватIиеги ун гаражазда нахъа яхчун чIана.

Рокъое юссиндал дие нуцIа росас рагьана. Гьев мехтун вугоан. Жаниеги ячун Рашидицаги юхана дун лъикI ва «йила цееса, йикIаралъуего а», - янги абун нуцIихъа къватIие тункана. КигIан кIутIаниги тIокIаб дие нуцIа рагьичIо… Квешго квачанги сваканги нужер нуцIихъ салмагалда гIодой чIарай дун, кьижун ккун ятизе ккола…

- Гьеб киналдасаго хадубги, гьездасан гIарза хъвазейищ дуе бокьун гьечIеб? – абун гIажаиблъана дун.

- Бокьун гьечIо. Лъиданиги дун йичIчIуларо. Ниж рекъезаризе бажаричIони, гIайибияйлъунги дун йикIине йиго. Кинай эбел гьейилан абизе буго, дихъ ралагьун ясазеги къимат кьезе буго. Гьари буго нужедеги, бегьулеблъун батани, гьаб лъугьа-бахъиналъул лъиданиги бицунге. Вореха гьездаги бихьизе гурин нужеда лъалеблъи.

***ХъахIлъи базе байбихьарабго ХIава сабурго эхетана щивниги жиндихъ валагьун гьечIеб нуцIихъ.***

**Ажа ГIАБДУРАХIМАНОВА**





# КӀанцӀана махщалил иццу

Журналистазул цӀех-рехазул ва авторазулал фильмазул, «Узден» абураб Агенствоялъул директор МухӀамадбек СалтӀинскияс гъулбасараб кагъат бачӀана редакциялде.

Гъес ахӀулел ругоан Р. ХӀамзатовасул цӀаралда бугеб миллияб библиотекаялда рагъулеб бугеб, Лаваша районалъул Наскент росулъа, жийго ругьунлъарай художник ПатӀимат ГӀумаровалъул, «ТӀабигӀаталъул бераздалъун ялагъула дун нужехъ» абураб, суратазул цебелъеялде. Гьение ине ва ПатӀиматилгун лъай-хъвай гьабизе гъира ккана нижер.

Библиотекаялъул фойеялда данделъун рукӀана ватӀанги тӀабигӀатги бокьулел. Тадбир бачунеб бугоан СалтӀинскияс. Саламалъулаб калам гьабуна библиотекалъул церелъеязул залалъул директор ГӀамирхан МухӀамадовас, машгьурав художник Шапи Рабадановас, искусствовед Мариян Чалабовалъ, спорталъул мастер, Олимпиялъул хӀаязул гӀарцул медалалъул призер НурмухӀамад Шанавазовас, поэтесса Аминат ГӀабдурашидовалъ, композитор Хан Башировас. Бакънaзул профессор ТӀагьир Къурачевас ПатӀиматие сайгъат гьабун даргиязул мацӀалда кечӀгицин ахӀана.

ГӀемерал хинал рагӀаби абуна гьенир ПатӀиматил росуцоязги гьалмагъзабазги. Гьелъул хӀалтӀаби районалда лъалел ва лъикӀ къабул гьарулел ругоан. Жийго ПатӀиматги, гӀадамаз гьабулеб рецц-бакъги рагӀун дагьайго нечон лъугьаниги, разиго гьимулей йигоан.

Художникалъ бицана суратал рахъизе жинца байбихьанила ракӀалдаго гьечӀого. Гьединлъидал гьелъие я цӀаличӀила ва лъихьанигидарсал росичӀила… Церелъеялде росарал сураталги жинца цо ахираб соналда жанир рахъанила.

- Суратал рахъизе дида кидаго лъалеб букӀана: цӀулада накъищал гьарулев инсуца чанги дир орнаменталги хӀалтӀизарулаан. Школалда къадал газетаги кидагоГӀадин дица бахъулеб букӀана, - ян абуна ПатӀиматица. Амма художниклъун яхъизе анищал дир рукӀунароан.

Гьайбатай ва гӀодое йиччарай ПатӀимат берцин йихьана классалда цадахъ цӀалулев вукӀарав гӀолиласда ва школа лъугӀидал эбелинсуца гьел данде гьаруна… Амма халатаб батичӀо гьезул гӀумрудул талихӀ. ЛъагӀалидасан авария гьабун хвана рос, гьавизе вукӀарав вас вихьизегӀанцин хутӀичӀого. Хадур байбихьана ПатӀиматил гӀумрудул захӀматал сонал. ГӀезегӀан гӀакъубазахӀмат бихьана гьелда вас гӀезавулаго: хурзалги рекьана, бокьалги рахъана, рукъзал ралел бакӀазда гамачӀги баччана…

ПатӀиматица щулияб хӀукму гьабуна тӀокӀай росасеги инчӀого, гӀумру ТӀадегӀанав Аллагьасе гӀибадаталда тӀамизе. Гьединлъидал гьелъ лъазабуна Къуръан цӀализе. Чанго соналдасан гьелъ росуцоял хӀайран гьаруледухъ цӀализе байбихьана Къуръаналъул сураби. Жидер лъималаздаги малъейилан гьез гьаридал, ПатӀиматица инкар гьабичӀо ва гьираялда жуяна гьеб хӀалтӀудеги.

ТӀолабго гӀумру ПатӀиматица тӀамула, Къуръаналда рихьизарурал тӀалабазда рекъон – бацӀцӀадаб захӀматалда ва гӀадамазе лъикӀлъи гьабулаго. Гьеб буго ПатӀиматил тӀокӀлъиги гӀумруялъул магӀнаги.

Гьедин унел рукӀана сонал… Бана мина, гӀуна вас ва гьес байбихьана хӀалтӀун бетӀербахъи гьабизе: гьезул хъизаналда лъикӀ лъалаан захӀматги лъикӀлъи гьабиги гӀумруялда битӀккеялъул шартӀлъун букӀин. Гьединлъидалин ПатӀиматги киданиги ресукъго хутӀичӀей…

Амма, чехь гӀорцӀи гӀоларелъулха чиясе, ПатӀиматилги букӀана цо кинабалиго рахӀатхвей. Гьелда ракӀалде кколеб букӀана гьеб жиндир сахлъиялда бараб жо батилин.

# Женщина Дагестана



**На аварском языке**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций РД.

**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru

**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru

**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».

**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.

**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**

Сдано в набор 18.03.2020.
Подписано в печать 26.03.2020.
Формат бумаги 60 х 84 $^1/_8$.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0302. Тираж (3315)714 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложке:**
I– Памятник «Скорбящая мать», г. Дербент; III – работа П. Омаровой.


Гьеб заманалда гьелъухъе гьоболлъухъ ячIана Петербургалдаса гьалмагъ. Дой кколаан школалда цадахъ цIаларай ва суратал рахъизе ПатIиматил гьунар букIин лъалей гIадан. Гьединлъидал гьелъ ПатIимат божизаюна гьелъул рахIатхвей черхалъул хIалалда бараб жо гьечIолъиялда ва цо кинаб букIаниги ракIгъураб ишалде юссани, унеб жо букIиналда. Гьалмагъалъго ракIалде щвезабуна суратал рахъизе хIалбихьани лъикI букIиниланги...

ПатIиматида бичIчIулеб букIана суратал рахъи гIицIго рекIелгъеялъе гьабулеб иш гуреблъи, гьеб кIудияб жавабчилъи букIин. Амма гьалмагъалъ хIалхьи течIо: «Таваккал тIаме, хIинкъичIого босе хIебетги, релъабиги, ккараб ккун букIина», - ян.

БукIа-бахъаян байбихьана ПатIиматица. Росана акварелазул релъаби, лъикIал кистал ва хIебет… Циндаго гьелда бичIчIизе байбихьана жиндир дунялалда бихьизеги бицинеги чанги жо букIин ва кин гьеб бицинебалиги жинда лъалеблъи.

ГIазулъ тIерхьунел гIисинал росаби, тIощалил хурзал, тIегьалел гъутIби, мугIрузда хIорал, рохьал, лъарал ПатIиматил суратазда чIаголъана. ТIабигIат гьелъул суратазда дагьабги берцинлъана. ХIайранлъизарулагьезул рекъарал кьеразги, канлъиялъги, киданиги жиб такрарлъулареб хаслъиялъги. Сверухъ жинда бихьулебщинаб берцинлъи хIебтиде босула ПатIиматица. Мастерскаяги гьелъ рагьана жиндирго рокъоб. Гьенив щварав щивасда бихьула художникалъул хIалтIи ва гIемерисезе бокьула гьелъул суратал жидер рокъор рукIине.

ПатIиматил гьунаралъе къимат кьезеги тIоцебе сверухъ ва цадахъ ругездаса байбихьана. Росуцоязда ва лъалел-хъвалезда бихьулеб букIана жийго ПатIиматилъ кколеб бугеб хиса-басиги: гьей лъугьуней йикIана гIумру бокьулей ва разиракияйлъун.

Гьедин, цо нухалда гьелъул мастерскаялде щварав, гIагарав чи ва хъизаналъулго гьалмагъ, журналист ва жамгIияв хIаракатчи МухIамадбек СалтIинскийги хIайранлъизавун вуго ПатIиматил суратазул хаслъиялъги тIокIлъиялъги. Гьес хIаракатги бахъун буго ПатIиматил суратазул цебелъей рагьизе.

Цебелъеялъул цIаралъго бицуна гьелъул магIнаялъул – щибаб суратaлдалъун нилъехъ балагьун буго жибго ТIабигIат… МугIрул тIогьазул рацIцIадал чIегIерал берал, хуриб ролъул тIоразул меседил кьералъул карачалаби, бецIгIурччинал накIкIирохьал ва некIсияб Нарын – Хъала… Гьеб буго нилъер ракь, гьанир бетIергьаби ккола нилъ ва нилъеде тIаде ккола гьеб кинабго цIунизеги цIигьабизеги. Гьеб цIунун хутIиялъул ва гIун бачIунеб гIелалъухъе гьеб берцинлъи щвеялъул ургъел буго ПатIиматие, гьединлъидал жиндирго суратазданиги гьеб цIунизеги хIаракат бахъулеб буго.

ГьитIинаб къоялдаса, эбел-инсул рокъосанго ПатIиматие хасиятаблъун буго жавабчилъи. Гьанже гьеб дагьабги лъикI загьирлъана – гьелде тIаде ккола, цохIо хуралъулги мадугьалихъ лъималазда Къуръан малъиялъулги гуребги, жавабчилъи. Гьанже гьей жавабияйлъун йиго суратaлда бахъараб щибаб хъарахъалъулги, зодоб накIкIулги, щибаб лъар-гIоралъулги ва гьелъ гIадамал ургъизе тIамизе ккола гьеб цIуниялъул бугеб кIваралда тIад. Нилъелъги бижизабизе ккола гьелъ жавабчилъи.

***ПатIимат йиго хIалтIулей ва гьеб хIалтIуца разиги гьаюлей йиго. ЦохIо гьей гуро рази гьаюлей йигей – киналниги сверун ругелги рази гьарулел руго . Цеего гIадин, гьанжеги ПатIиматидаса рагIи къватIибе бачIине захIматаб жо буго. Амма гьанже гьелъул суратал гаргадулел руго: гьел дабгIадулел руго, рахIатхун лъугьунел руго, гIумруялъулъ ритIухълъи чIезабизе лъугьунел руго. ГIумру буго гIумру…***


**Сулгият БУЛГАЕВА**



ИНДЕКС 73901
6+



4 651116 280082